


JOSEFA ACHISANGANA

NEHAMA DZAKE

 ...nezwi rinokwana kutaura zvishoma. Uye ndava nepahuro panorwadza kwenguva yakati kuti. Uye— uye, mangwanani ano, ndabatwa nedzihwa rakasimba; zvinoita sokunge, pese pandinongodzika kuno, neimwe nzira, imo mumupata uno. Nezuro ndaitaura kune dzimwe hama patakanga tiri pamusoro pezvikomo kuNew Albany, ndokutarisa zasi nekuno. Ndakati, “Ndicho chikonzero chacho, apo chaipo.” Inongova mhute yakaremba pamusoro pekuno, uye zvakaita sekunge chiutsi pamusoro peguta rose. Zvino pandakangosvika munzvimbo ino, ndichangodzika muno, zvikabva zvatanga, munoona, zvakare, ipapo chaipo ndichangobva kupinda muno. Oo, ndinotofanira kutora tende ndokwira pamusoro pechikomo, pane imwe nzvimbo, ndonodzika musasa. Nokuti, tinongova vafambi nevaenzi, zvakadaro, handizvo here? “Tiri kutsvaga Guta iro Muvaki neMugadziri waro ari Mwari.” Ndizvo zvatinoda. Zvino tine vamwe...

² Sevhisu isati yatanga, mangwanani ano, nedzidziso yeSunday school isati yatanga, tine ku—kukumikidzwa kwevacheche. Uye munin’ina wangu ane mudiki waanodawo kukumikidza kunaShe; munin’ina wangu, panyama. Uye zvichida, vamwe venyu imi vanaamai nanababa pano mune mudiki anofanira kukumikidzwa. Zvino, kazhinji, muBhaibheri...

³ Uyewo takava nekupatsanurana kwakawanda mumachechi, nekuda kwedzidziso dzakasiyana pakubhabhatidzwa kwevacheche, nzvimwe zvakadaro. Uye, zvino, avo vanovatora, vovasasa serubhabhatidzo rwevacheche, zvinoenderana nechero nzira yamunoda kumukumikidza. Asi, nyaya yacho yose inosvika pachinhu chimwe chete, kukumikidza kunaShe. Maona? Saka zvino...

⁴ Nokuti, mucheche, kana iri nyaya yechivi, haana kana. Jesu akafa kuti abvise zvivi zvenyika. Uye mucheche haana kana chivi chaakaita, kungoti chete aka...Iye mutadzi. Akaberekerwa muchivi. Asi Kristu paakafa paKarivhari, Akabvisa zvivi zvenyika, uye mucheche haana chaanoverengerwa kusvika ave pazera rekuzvidavirira. Zvino mwana mudiki chero upi zvake, zvisinei kuti vabereki vacho vane zvivi zvakadii, paanongofa chete, anongonanga mumaoko aKristu, munoona, nokuti iYe akabhadhara mubhadharo wacho. Hazvina mhosva

kuti mwana akaberekerwa muchivi, uye nehupombwe kana chero zvazvingava, hazvina kana mutsauko zvachose, mwana iyeye akachengeteka naKristu nokuti Akafa kuti abvise zvivi zvenyika. Zvino kana—kana mwana akura zvakakwana zvino, zvekuti aita chivi chake iye, zvino anofanira kutendeuka pane zvaanenge aita. Asi haana chivi paari kusvikira akura zvekukwanisa kutadza, kuziva chakanaka nechakaipa. Asi, zvino, tinoedza nguva dzose kuramba tiri pedyo neBhaibheri pazvinhu izvi, sekuziva kwatinoita.

⁵ Zvino, hapana Gwaro muBhaibheri, rekusasa vana. Chinhu chimwe chete chatinowana . . . Kana kuti, hapana rubhabhatidzo rwevacheche muBhaibheri, kana nenzira ipi zvayo. Nzvimbo chete yatinogona kuwana, yakanyorwa pano muMagwaro, kuti Je- . . . “Vakaunza vana vaduku kuna Jesu, uye Akavatora mumaoko aKe ndokuvaropafadza, ndokuti, ‘Regedzai vana vaduku vauye kwaNdiri, uye musavadzivisa, nokuti Humambo hwoKudenga ndehwe vakadaro.’”

⁶ Zvino, kuti, zvino, sezvaAkaenda kuna Mwari, uye agere kuruoko rworudyi, nhasi, ari mumutumbi waKe chaiwo, uye ari paChigaro chaMwari chehumambo, uye Akaraira Chechi yaKe kuti iende munyika yose uye kuti ienderere mberi nemabasa raAkatanga pano paAkanga ari pano panyika, ndiko, kuparidza Evhangeri, kupodza vanorwara, nokukumikidza vana, nezvimwe zvakadaro, naizvozvo vadikani vanokumbirwa kuti vaunze vadiki vavo kunaShe, nokuvapa kumufundisi wavo, mumaoko ake, uye ovasimudza, nokutenda, kuna Kristu, uye okumbira Kristu kuti avaropafadze.

⁷ Uye, saka, kana muine mudiki wa—wamusati makumikidza kunaShe, uye muchida kumuunza apo hanzvadzi yedu ichiridza piyano, *Vaunzei Mukati*, uye tinogona kurwuimba. Vangani vanoziwa rwiyo urwu rwekare, *Vaunzei Mukati?* Zvino zvakanaka. Zvino, Baba naMai Henry Branham vachaunza mudiki wavo. Uye kana paine chero vamwe vese vane vamwe vavanoda kuunza, zvino, vaunzei ipo panguva ino zvino kuti vakumikidzwe. Zvakanaka.

Vaunzei mukati, vaunzei mukati,
Vaunzei mukati kubva kuminda yezvivi;
Vaunzei mukati, vaunzei mukati, (. . .?. . .)

⁸ Ndinoda kukuratidzai mumwe muBranham mudiki, Mary Ella Branham mudiki. Mwanasikana wemunin’ina wangu nemudzimai wake anodikanwa. Kuti iko, vauya mberi kuno mangwanani ano, kuchechi, kuzopa muduku uyu, hupenyu, kuhudzorerera kuna Mwari, uYo wakahupa kwavari.

Zvino ngatikotamisei misoro yedu kwekanguvana.

⁹ Baba vedu veKudenga vane mutsa, amire pano pamberi pangu nhasi, munin’ina wangu chaiye panyama, nemwenga wake, mudzimai wake. Uye Makaropafadza dzimba dzavo

naMary Ella mudiki uyu, kuvapa mufaro mumazuva ari mberi kwavo. NdinoKutendai nekurangarira kwavakaita kwakabva mwana uyu, uye nokumuunza nhasi kucheche, kuti vagomudzosera kwaMuri. Uye ini zvino ndinopa mwana uyu kwaMuri, mumaoko ekutenda, uye ndoKukumbirai kuti muropafadze mudiki uyu wandakabata. Uye dai akararama pamwe nekukura. Uye kana Jesu akanonoka, dai akava muranda weNyu, kuti agoKushumirai.

¹⁰ Ropafadzai baba namai vake. Uye, Mwari, itai kuti Mwewa weNyu Mutsvene uvatungamirire murwendo rwehupenyu. Uye nerimwe zuva, kana rwendo rwepasi pano rwaguma, dai mhuri yose huru yaunganidzwa pamwe chete muKubwinya. Zviiteiwo, Ishe. Kusvikira panguva iyoyo, dai mwana uyu akura uye agoropafadzwa naMwari, ave mutano uye akagwinya, uye ova muenzaniso wehudzimai mumazuva ake ari kumberi. Uye tichaKupai rumbidzo. Nokuti tinokumikidza mwana kwaMuri zvino, muZita raJesu Kristu, Mwanakomana weNyu. Amen.

¹¹ Zvino ndinomudzosera kwamuri. Mwari vakuropafadzei. Ishe vakuropafadzei. Zvakanaka.

Ndangariro dzinokosha, dzinogara dziripo sei,
Dzakatumwa kubva pane imwe nzvimbo
kumweya wangu;
Padzinogarapo, pedyo neni nguva dzose,
Zviitiko zvinokosha, zvitsvene
zvinobhedhenuka.

¹² Tinorumbidza zvikuru Ishe vedu vanodikanwa nekuda kwevaduku vose! Munoziva, zvinongoita sekushamisa kuti taimbova vadiki saizvozvo. Uye pane chimwe chinhu pamusoro pemucheche chisina hundini, anoregerera zvikuru uye ane mutsa kwazvo. Kunyange Ishe vedu vakavafananidzira, ndokuti, “Kunze kwekunge matendeuka mova semumwe wevadiki ava,” vari nyore kwazvo.

¹³ Ndinocherechedza Joseph wangu mudiki, kuti anongova muzera rekungopinda mune zvese, uye amai vacho vanotozoti vamugadzirise. Zvino anodhonza rambi, kana chero zvimwewo, kungoti anzwe richirovera pasi. Uyezve kana amai vacho vakaita sekumurova kambama, kana chimwe chinhu, anokwira mumaoko avo chaimo obva avambundira saizvozvo.

¹⁴ Tinofanira kuregererwa, mumwe kune mumwe, sevana vaduku ava, kuti tipinde muHumambo.

¹⁵ Zvino, tinotenda Mwari nokuda kwemwana mudiki uyu, Mary Ella Branham mudiki. Uye dai akararama, uye akure nekubudirira, agova muranda waShe. Uye dai musha waari kurerwa mauri wava musha weChikristu, uye kuti agokura mukuyemura Kristu.

¹⁶ Uye zvino tiri . . . (Maita henyu, Hanzvadzi Gertie.) Uye zvino vadiki vatora nzvimbo yavo mukamuri yezvidzidzo zveSunday school.

¹⁷ Zvino mufundisi va—vapa zviziviso zvekuchange kune masevhisi nhasi, namangwana, mangwana manheru. Masikati ano, vacha . . . sekuziva kwangu, hapana sevhisi iripo, kunze kwekunge ari mamwe emamisheni madiki muLouisville, atinozivana nawo, Hama yedu Durban nevazhinji vavo. Ndinofunga vane sevhisi yeSvondo masikati.

¹⁸ Ndine vari kufona vakawanda. Vanhu vazhinji vari mumatare emhosva, nezvimwe zvakadaro, vanoda kunamatirwa, vanorwara nevanotambudzwa.

¹⁹ Masevhisi angu anotevera achange ari kuCleveland, Tennessee, kutanga manheru eChishanu chinotevera, Chishanu kusvika Svondo.

²⁰ Uye zvakare tiri kuuya kumba chaiko, uye tichienda kuSouth Bend, Indiana, uye kwehusiku 2 ikoko nekukumikidzwa kwetemberi; Hama R. E. S. Toms vanobva kuSaskatoon, Saskatchewan.

²¹ Uye zvakare, kubva ipapo, tinoenda kuSturgis, Michigan, kwehusiku 2 hweshumiro kuSturgis, Michigan.

²² Uyezve toenda kuLima, Ohio, kvanhu veBaptisti, muMemorial Odhitoriyamu mu—muLima, Ohio. Inotanga musi waNdira 23, kusvika 27.

²³ Uye zvakare, kubva ipapo, tinoenda kuWest Coast zvino, kumisangano mikuru muCalifornia neArizona. Ingei muchitinamatirawo. Mangwana . . .

²⁴ Manheru ano, na7:30, pachava neshumiro dzekuvhangerana pano patabhenakeri, uye munhu wese ari kukokwa.

²⁵ Uye mangwana manheru, ndinofanira ku . . . Ndichanoparidza kwaHama Cauble, kusevhisi yavo—yavo yepakati pehusiku yekurindira. Ndichave . . . Chikamu changu chinotanga na 9, kusvika nguva dzingaita 9:30.

²⁶ Zvino ndichazodzoka kutabhenakeri kuno, uko musangano uchange uri kutoitwa, neva fundisi nevashumiri vashanyi vachange vari pano, kuti vave nechikamu musevhisi yemangwana manheru. Kana mese muchida kunzwa vafundisi vachiparidza nekuratidza nzira dzavo dzekukuudzai matangiro egore idzva, nezvekuita, handiti, kubva pamaonero eMagwaro, saka, ivai nechokwadi chekuva pano mangwana manheru. Shumiro inotanga na7:30, semazuva ese, na7:30. Uye ichaenderera mberi kusvika pakati pehusiku, Svondo manheru, uyezve . . . kana kuti, manheru eMuvhuro, waro. Zvino, mushure ma 9:00, mushure mekunge ndapedza naHama Cauble, ndichadzoka ndakananga pano chaipo patabhenakeri, kutanga, uye zvichida, pamwe, ndopedzisa iyo mharidzo

yandinoda kutanga mangwanani ano. Kana kuti, ndiri... zvinaita sekunditorera nguva yakareba.

²⁷ Ndinoti nonokei, munoziva, asi ndinoda kuti Zvidzike pamhando chaiyo yenheyo. Saka, hapana chikonzero chekungoZvimwararidza chero kupi zvako. Ndinoda kuti Zvidzike ipapo, uye zvikure nokubudirira kuitira Ishe.

²⁸ Zvino, pane mu—mushumiri pano mangwanani ano, mushumiri wechidiki anofanira kuva, ndinodaira kudaro, muBel Air Motel. Ndinofanira kumuona na 2 kusvika kuma 3, masikati ano. Uye, kana kuti, ari muno, here? Sezvo, ndakanganwa zita rehama yacho. Vari kuuya vachibva zasi kuTennessee. Vakapodzwa musana wakatyoka, mumusanganano wangu, uye vakapinda mushimiro. Hama iyi, *apo*. Horaiti. Zvakanaka chaizvo. Ndiko ku...Kubva ku...Yanga iri 2 kusvika 3, ndizvo here? Ini... [Hama inoti, “3.”—Mupepeti] 3; 3 kusvika 4. Horaiti.

²⁹ Uyezve pane mumwe mushumiri, handizive kuti ati ave pano kana kuti kwete. Anobva kumusoro-soro kuBritish Columbia yekuchamhembe. Rimwe zuva, pandakanga ndichiedza kusungirira mabhegi, pane mamwe mabhiza, ndinodaira kudaro, kana zvimwewo; ndakanga ndine ndebvu dzakareba zvakada *kudai*, ndakanga ndadzoka kubva parwendo rwokunovhima; makore akati kuti akapfuura. Mumwe murume akafamba achiuya ndokuti, “Hamusi Hama Branham here imi?”

³⁰ Ndakasangana nemumwe mudzimai wechidiki muchitoro, akati akanga asati amboona muka...kana—kana kumboona guta, guta guru. Uye ndinodaira kuti akanga ari mamaira 4 kana 500 kubva muguta, zvichida anopfura iwayo, mazana emamaira kubva mumugwagwa une tara, muguta duku rinonzi East Pines. Ndinofunga kuti kune chitoto chimwe chete ikoko. Kuseri-seri uko chaiko, vaviri ava vakafamba vachiuya.

³¹ Zvino vari munzira yavo kuenda kuCuba. Handizive kana vari pano mangwanani ano, hongu, vachibva, kuBritish Columbia yekuchamhembe. Vari *pano* chaipo. Zvino, moyo wenyu ngauropafadzwe, hama. Tinofara kuva nemi nemudzimai wenyu, mamishinari, vari kufamba vachipfuura havo. Vandifonera, mangwanani ano, vari ku—kuStar Motel. Ishe vakuropafadzei. Ndinoziva kuti hama dzedu dzose dzichafara kuvakwazisa mumaoko. Uye munhu wekuti, nekungoona pikicha chete, akakwanisa kundicherechedza nendebvu dzose idzodzo, ane kunzvera kwakanaka. Zvakanaka kwazvo.

³² Uye vaive vakashinga kwazvo, kumusoro uko kusina vanhu, zvachose, kumusoro-soro kuEast Pines. Uye zvinozove zviri, zvinozooma kutaura kuti vanhu vashoma sei munyika yose iyoyo, asi, zvakadaro, vaive kumusoro ikoko semamishinari, vachiedza kuita chimwe chinhu kuitira kubwinya kwaMwari. Zvirokwazvo ndinovayemura nemooyo wangu wose. Ndinoziva

kuti mose munoda kuvakwazisa mumaoko nekunzwa nezvenyika huru yekuchamhembe kwakadziva kumadokero iyi. Uye, zvino, zvino. . .

³³ Ndinotenda kuti amai vaMai Roberson vachiri kurwara zvakananyanya. Ndinofanirwa kuvaona masikati ano, uye rangarirai kuvanamatirawo. Zvichave. . . Uyezve, Ishe vachitendera, ndichadzoka pano zvakare na7:30 manheru ano. Ndinofunga vekwa McSpaddin vari kumashure uko, sezvo tichaenda kunosvusvura navo nguva dzingaita 6 o'clock, uye zvigotipa nguva yekudzoka.

³⁴ Uye zvakare tinoda kushanyira Mai Burns. Hama Burns vari muno here, mangwanani ano? Vari pano here? Hongu. Handina kukuonai, Hama Burns, makagara. Hanzvadzi Burns vari kurwara zvikuru, kurwara zvikuru.

³⁵ Zvino ndakanga ndiriko mamwe manheru, ndanovaona, uye vari kurwara zvikuru. Uye ivo vane mweya wehumhare chaiwo. Uye tinoda kuti munhu wose kuti arambe akabatirira pana Mwari, nokuti, tichizvitaura nenzira iyi, tisingazive kuti ndiani achange ari pano; asi zvichatatora chishamiso chaMwari kudzosa Hanzvadzi Burns kuchechei zvakare. Ndizvozvo.

³⁶ Apo, murume wavo anodikanwa achangobva kuchipatara kumusoro uko, kuChipatara cheVeteran, nekenza, vatonzi vave kufa, uye Mwari ndokuvapodza. Zvino hevanoi ava pano, vadzoka muchechi, uye vaine hutano hwakanaka kwazvo zvakare sezvingatarisirwa panguva ino yakadai. Zvino Ishe parakavapodza rwatata rwainge rwakazvimba, ruwine kenza marwuri, zvimwe chete, makore nemakore akapfuura.

³⁷ Uye ndinorangarira nguva iyo chaiyo, apo Hama Wood vagere apo. Ndakanga ndiripo pazororo duku. Takanga tiri kunze musango, tichivhima tsindi, zvino chimwe Chinhu chakati kwandiri, "Enda kumba." Ndakaenda kumba. Uye kuti sei ndakatozoenda kuLouisville, handife ndakaziva. Zvino Hama Wood, vakakurira munharaunda yekuLouisville, vachityaira pabhuroko risiri iro, vachitenderera, nekutenderera, nekutenderera, vachiedza kuti vanditore. Zvino Mwari vakanga vakandimisa pane imwe kona, ndakamirira Hanzvadzi Burns kuti vauye kuzondiudza. Zvino vakanga vari ivo, mudzimai uye wehumhare, vakauya vakandiudza kuti murume wavo akanga achifa imomo muchipatara, patakaendako tikanonamata.

³⁸ Zvino vakadzika zasi, ndokutora mufananidzo uya, uyo Ishe vakatora mufananidzo waVo, Shongwe yeMoto. . . Imi mose makauona, ndinofunga kudaro. Vakaugadzika pasi. Ivo ndokuti, "Mwari veKudenga vanodikanwa," vakati, "ndibatsireiwo kuti ndiwane Hama Branham kamwekamwe. Ndinofanira kuvawana." Ivo ndokuti, "Mutumwa waMwari, nditungamirireiwo kwavari." Ndizvo zvazvinotora. Zvino vakasimuka, ndokuenda kuguta, kunobhadhara mitero yavo,

uye vakatungamirirwa zvavasina kunzwisisa pane imwe kona. Zvino Mwari vakandituma kubva kumasango, kuenda kuLouisville, ndokundimisa pakona kwehafu yeawa, ndichiona Hama Wood vachikona nepakona isiri iyo nguva dzose kumusoro ikoko, vachiedza kuti vanditore, ndizvo zvavaiita. Maona?

³⁹ Zvino, tinoziva kuti Mwari vanoziya pakarara mwanasikana waVo mudiki ikoko, uye Vanogona kunge vachikutarisira iwe kuti unamate munamoto wekutenda. Tichaita zvose zvatnogona.

⁴⁰ Chimwe chinhu chatinoda kutaura mangwanani ano, tisina kungokotamisa musoro chete, asi nemoyo, kune mumwe wevarume vakavimbika kwazvo uyo ini...mumwe wavo, wandati ndambosangana naye muhupenyu hwangu, iHama yedu Higginbotham. Wavo...Hanzvadzi yedu inodikanwa yakaenda kunova naIshe Jesu. Musoja waMwari wehumhare; kangani kandakavaona vachiuya kuartari! Chishuwo chavo, nguva dzose, chaiva chekupinda mumutsara wekunamatirwa uyu, apo Mweya Mutsvene waizovaudza kuti dambudziko raiva rei. Vaishuva kuzviita. Uye kuti vakafamba kangani papuratifomu ino pano, vachiedza kutsvaga kana kunzvera uku kwaizo—kwaizouya. Uye mune mimwe misangano nenzvimbo dzakasiyana vakaedza, asi hakuna kana kumbouya, neimwe nzira.

⁴¹ Ndokubva, mavhiki mashoma apfuura, ndichipinda muchipatara zasi ikoko, pandakanzwa kuti vari kurwara, zvino nguva dzainge dzafamba manheru. Zvino pandakapinda muchipatara ndokugara padivi pavo, ipapo Mweya Mutsvene wakaburuka; ndokudzokera chaiko shure muhupenyu ndokuunza zvinhu zvose, ndokuzviisa chaipo paive nedambudziko. Asi, chinoshamisa ndechekuti, Hanzvadzi Higginbotham vakanga vasingachatomboshuvira kugara pano zvachose. Vaida kuenda havo. Paiva nechimwe Chinhu chaivadana. Vakadavira pakudanwa ikoko rimwe zuva kuti vaende kunova naMwari. Uye ndichagara ndichirangarira izvozvo. Hongu. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

⁴² Ndokusaka usinganzwi zvakanaka kana wapinda muguta rino; rakaramba Vhangeri. Ndiro dambudziko racho. Uye raparara. Mafashamo a '37 haazomborevi chinhu, kusvikira izvi zvapera. Asi, hongu, raparara, zvachose. Uye ndicho chikonzero chinyorwa chiri pamadziro.

⁴³ Uye, zvino, zvatonyanyisa kuipa. Uye tisu varidzi venzvimbo ino, zvinhu zviri pairo pano, asi ndakanzwa rimwe zuva kuti dzimwe hama dzedu dzakapihwa tikiti rekupaka kunyangwe kumucheto kwenzvimbo yechechi uko. Kunyadzisa kwakadini! Ndichabhadhara tikiti iroro kana mukangondizivisa kuti raive marii. Zvinosiririsa. Hongu, changamire. Zvino, isu, izvi, ndinofunga kana...Ndinofunga kuti tichiri varidzi vayo.

Zvisineiwo, gwaro remvumo yenzvimbo rinotaura kudaro. Swederai neche kuno uku, uye zvichida hamuzowane tikiti ikoko. Asi ndinofara kuti takananga kunzvimbo yavasingazopi matikiti. Handizvo here? Ndizvozvo chaizvo. Zvakanaka kwazvo. Hongu, zvirokwasvo. Zvino, handisi. . .

⁴⁴ Ndichangoedza kutaura kwekanguva, mangwanani ano, nokuti ndakabatwa nedziwa rakasimba chairo, nemhino dzakavharika. Uye—uye ndinoda kutora chidzidzo kubva muTestamende Yakare, ndodzidzisa kwechinguva, Ishe vachitendera. Uye zvakare zvichida, manheru ano, kana ndikadzoka, Ishe vachitendera, kudzoka nenguva, uye ndisina kunyanyisa kuneta.

⁴⁵ Oo, ndatozongofungawo, zvakare. Hama Kelly vagere pano, naHanzvadzi Kelly, vari kuzouya kuno, chaiko ku. . . Muuye nekukurumidza kwamungakwanisa, mushure mekudya kwemasikati, nokuti ndakangobatikana chaizvo masikati ano, nezvinhu zvakawanda, Hama Kelly. Ndinorangarira humwe husiku, kumusoro uko, ndaibuda kuenda kwandakanga ndadaidzwa pamakapinda mose. Zvakanaka. [Imwe hanzvadzi inoti, “Mungauyewo here, Hama Branham?”—Mupepeti] Zvino, zvaka—zvakanaka, hanzvadzi.

⁴⁶ Zvino, saka, ndinamatireiwo, uye munamatirewo. . . sarudzo dzangu, panaShe, dzive—dzive kuitira iVo, dzakanakisisa dzandinogona.

⁴⁷ Zvino, tinoda kuvhura muBhuku rekare, iro rekare, rekupedzisira racho. . . Bhuku rekutanga, Genesi 35, uye tinongoda kuverenga chikamu chidiki chete cheMagwaro pano kubva muBhuku raGenesi. Uye tinonamata kuti Mwari vawedzere maropafadzo avo senheyo yechimwe chinhu chatiri kushuvira kudzidzisa nezvacho.

⁴⁸ Uye vangani vanofarira Sunday school? Oo, ndiyo. . . Vangani vanoziva kwayakatangira? Handisi kuona kana ruoko. Zvinoita seku. . . Vangani vanoziva kuti yakatanga ichinzi chii? Mudzimai wangu ari kupi? Anofanira kunge achizviziva. Zvakanaka. Yaive. . .

⁴⁹ [Hama Neville vanoti, “Hama Branham?”—Mupepeti] Hongu? [“Mishina-. . . Mumwe mumishinari ari pano mangwanani ano.”] Mumwe mumishinari. Mwari vakuropafadzei. [“Hama Naber.”] Hama ani? [“Hama Naber.”] Hama Naber, vari papi? Mungasimudzawo ruoko rwenyu here, Hama Naber? Mwari vakuropafadzei, hama. Uyo mudzimai wenyu here wamunaye? Zvakanaka chaizvo. Tinofara kuva nemi nemhuri yenyu pamwe nesu mangwanani ano. Munoziva kuti muri mukuda kwaMwari. Maona? Unofanira kuva, kana uri mumishinari, munoono. Nekuti, rairo dzakapihwa ndedzekuti, “Endai munyika yose muparidze Evhangeri kuzvisikwa zvose.”

⁵⁰ Murume ari mumishinari! Zvino, handina—handina basa zvakananyanya. . . *Mumishinari* izwi rakanaka chaizvo, asi ndine izwi riri nani pariri. Uri muapostora. Maona? Ndizvozvo. Zvino, izwi rekuti *muapostora* rinorevei? “Uyo akatumwa.” Izwi rokuti *mumishinari* rinorevei? “Uyo akatumwa.” Chinhu chimwe chete. Saka, mamishinari, vaporofita, vavhangeri, vadzidzisi, nevafundisi, vanoumba Chechi. Ndizvo here? Vaapostora, vaporofita. . . vanodana. Saka, chero bedzi uri mumishinari, kana kuti muapostora, uri uyo akatumwa naMwari, kune rimwe basa, uye unoita zvakanaka nguva dzose. Mwari vakuropafadzei, ndiwo munamato wangu—wangu.

⁵¹ Hama naHanzvadzi Foss vari munzira yavo kuenda kuCuba, kuminda yekuvhangeri. Vachibva kunzvimbo dzakagwamba nechando dzekuchamhembe, kuenda kumasango anopisa ekumaodzanyemba, nokuti Evhangeri iyi inofanira kuparidzwa pasi rose. Amen. Ishanduko yakadini!

⁵² Munobva kupi, hama? [Hama inoti, “Ndava kuenda kuIsrael zvino, hama.”—Mupepeti] Muri kuenda kuIsrael.

⁵³ Oo, ndingada. . . Onai Mabel akagara kumashure uko, ndingaidza mudzimai wangu naMabel, kuti vakuimbirei:

Vanobva kuMabvazuva nekuMadokero,
Vanobva kunyika dziri kure-kure,
Kuzodya naMambo, kuzodya semuenzi waKe;
Vakaropafadzwa sei vafambi ava!
Vachiona chiso chaKe chitsvene,
Chichibwinya neChiedza chaMwari;
Vagoverani vakaropafadzwa venyasha dzaKe,
Sematombo anokosha mukorona yaKe
achipenya.

⁵⁴ Hazvizove zvakanaka here pazuva iroro! Amen. Ishe vakuropafadzei, pakuenda kuIsrael; uye nemi, kunzvimbo yamuri kuenda; ndiwo maropafadzo angu kwamuri hama mangwanani ano. Amen.

⁵⁵ Zvino, tisati tavhura Bhaibheri. . . Tinoziva kuti ichi chinyorwa, uye Mwari vane chirevo chakanyorwa pakati pemitsara, munoono. Saka, tinogona kungoverenga chinyorwa torega Mwari vachitipa chirevo chacho. Saka ngatikotamisei misoro yedu kwechingwana, kuti tinamate.

⁵⁶ Baba vedu veKudenga, muZita raIshe Jesu, tinonamata kuti Mutore Mashoko aya atichaverenga zvino, uye muAmedurire chaimo mumoyo yedu. Uye regai tiuye zvinoro-nyoro, chinyararire, mukuzvininipisa, nekuremekedza, muHupo hweNyu. Uye dai Mweya Mutsvene watora Shoko raMwari wodyisa moyo wose. Verengeraiwo wangu ipapo, Mungazviitawo here, Ishe? Nokuti ndinozvikumbara muZita raKristu. Amen.

⁵⁷ Zvakanaka, tichangoverenga ndima imwe kana 2, pano, kuitira kuti tingowana pekutangira paduku. Genesi ndiyo

chitsauko chembeu, tinozviziva. Zvakanaka. Tichatanga nendima 15.

Zvino mumwe murume akamuwana, . . . tarira, akanga achidzungaira mumunda umu: zvino murume uyu akamubvunza, akati, Unotsvakeiko?

Zvino iye akati, ndinotsvaka vakoma vangu: dondiudzai henyu, ndinokukumbiraiwo, . . . vanofudza makwai avo.

Zvino murume uyu—zvino murume uyu akati, Vabva pano; nokuti ndakavanzwa vachiti, Ngatiende Dhotani. Zvino Josefa akatevera vakoma vake, akandovawana paDhotani.

Zvino pavakamuona achiri kure, kunyangwe asati asvika pedyo navo, nokuda kwazvo. . . iye kuti vamuuraye.

Zvino vakataurirana vachiti, Hoyo, muroti uya wouya.

⁵⁸ Zvino dai Ishe vaisa maropafadzo aVo kuShoko raVo. Zvino, Genesi nguva dzose, kwandiri . . .

⁵⁹ Ndakuudzai here kuti changa chiri chitsauko chipi ichi? NdiGenesi. Ndinotenda, kana ndaona, Genesi 37, uye kutanga nendima 15, nemi munozvinyora pasi. Zvino isu . . . Ndinotenda kuti ndati 35, nguva shoma yapfuura. Ndanga ndine mapeji 2 akabatana. Ndine—ndine hurombo. Bhaibheri diki iri rekare reScofield, uye rakaita sekundiomera kuti ndiverenge, nekuti ndakapfuura 40, munoziva. Uye angu . . .

⁶⁰ Vanondiudza kuti ndinofanira kuva nemagirazi ekuverengesa. Ndakaenda ndokunotariswa maziso angu, pandakasvika pekuti ndaifanira kuramba ndichisundira Bhaibheri rangu kure neni. Zvino chiremba ndokundiudza kuti ruoko rwangu haruzove rwakareba zvakakwana, mushure mechinguva, kuti ndirwudzose zvakare. Uye ndinofanira ku . . . Akati ndinotoda magirazi ekuverengesa. Ndakaongororwa maziso angu, ndokuonekwa akaringana chaizvo, ari 10-10. Asi ndaitogona kuona bvudzi riri pasi, pane imwe nzvimbo ikoko, zviri nyore. Asi kuzoriisa pedyo neni . . . Akati, “Kana wasvika . . .” Akati, “Chii chinoita kuti bvudzi rako richene?”

Ndikati, “Handizive.”

⁶¹ Akati, “Kuchemberaka.” Ha-ha-ha! Akati, “Ndizvo zvinonetsa nemaziso emunhu kana wapfuura 40. Iwe, chaizvo, mabhora emaziso ako anoti pwasharara. Uye unotongofanira ku—kutongojairana nazvo, ndizvo zvoga.” Uye ndinongoramba ndichizviisa kunguva iri mberi. Uye, zvino, handina nguva yekuendako, asi ndi—ndichazoviita rimwe zuva, ndowana magirazi eku—ekuverengesa, pandichatanga kudzidzisa zvakawanda. Asi zvino ndinongoverenga rugwaro ndoenderera

mberi. Uye izvi ndizvo...Ndakawana Bhaibheri iri makore mazhinji akapfuura, uye rine mavara akanyanya kuita madiki, chaizvo.

⁶² Zvino, muna Genesi, *Genesi* zvinoreva “mavambo,” chitsauko chembeu. Uye rangarirai, kuti, chose chiripo nhasi, chaizvoizvo chakatangira muna Genesi. Akanga ari mavambo ezvinhu zvose. Aive mavambo e—eruponeso. Aive mavambo echivi. Aive mavambo emapoka anotenda zvakatsauka. Aive mavambo eChechi yechokwadi. Aive mavambo echechi yenhema. Aive mavambo ekururama. Aive mavambo ehunyengeri. Aive mavambo ezvinhu zvose, zvakatangira muna Genesi.

⁶³ Ndinoshuva kuti dai taingova neinenge mwedzi 3 chete pazviri, kuti tigare chaizvo tiri pachidzidzo chimwe chete ichi, uye tichingodzika nemachiri, tochisunganidza neMweya Mutsvene, netambo dzaMwari, tobva tangozviputira pamwe chete. Uye mochiona kuti Shoko rose rinopindirana sei nemamwe Mashoko. Chinhu chakanaka chaizvo!

⁶⁴ Shoko raMwari rine kufemera kukuru! Zvisinei nekuti izera ripi, inguva ipi, munhu wese akamboveenga Bhuku iri, kuburikidza ne...Rakanyorwa zvino kwemazana akawanda, hongu, kutoda kusvika, makore 3,000, kutodarika. Uye munhu wose akamboveenga Bhuku iri, muzera rimwe nerimwe, anofemerwa naRo, munoono, ndima yese yeMagwaro. Hapana chimwezve chinhu chinogona kutora nzvimbo yaRo.

⁶⁵ Chimwewo chinyorwa chakanyorwa kumashure mune rimwe zuva, kana chikaverengwa muzera iroo uye nechinangwa chacho, zvatoringana. Ndinogona kukunyorera tsamba, ndoti, “Hama yangu inodikanwa, nhasi ndaenda kune imwe nzvimbo ndikaita zvakati-ne-zvakati, pane imwe nguva.” Inongouya yakananga kwauri, uye zvatoringana. Zvichida huri humbowo hwedare redzimhosva kana chimwe chinhu, inogona kuunzwa sehumbowo hunondipikisa kana kuti hunonditsigira, kundiratidza chimwe chinhu, kana kuratidza chimwe chinhu chinondipikisa, asi haringazove shoko rakananga sezvaringave kana rapihwa kwauri.

⁶⁶ Asi Bhaibheri harina kudaro. Rakapihwa kurudzi rwevanhu, uye kwenguva dzose nemazera ose, nokuti IShoko raMwari rakanyorwa. Maona? Mashoko aVo haambokundikani. Haazombofi, uye chero bedzi kuine Ziyendanakuenda, nokusingaperi-peri, aya acharamba aine zvirevo zvimwe chetezvo, nokuti Akatongobva pamiromo yaMwari. Maona? Haakwanise kukundika! Chimbofungai pamusoro pazvo, kuti Shoko raMwari nderaZiyendanakuenda zvakadii. Iwo Hupenyu.

⁶⁷ Zvino, shoko chii? Shoko ipfungwa yaratidzwa. Uye kana Mwari vakangofunga chimwe chinhu, inongova pfungwa. Asi

kana yangotaurwa, haimbofa yakashanduka kana kuchinja. Inofanira kugara nekusingaperi.

⁶⁸ Nokuti, shoko rako rakangofanana nezvauri. Shoko raMwari rakangofanana nezvaVari. Shoko rako chikamu chako iwe. Vimbiso yako yakangofanana nezvaungava iwe. Uye vimbiso yaMwari yakangofanana nezvavangava iVo.

⁶⁹ Zvino, semunhu anofa, unogona kuita vimbiso uye wotozoityora, nekuti unongova munhu anofa. Ndinongova munhu anofa. Asi, Mwari, vari vasingafi, uye vasina magumo, uye vane masimba ose, vari kwese-kwese, Vakataura chirevo, uye Vanoziva magumo kubva pamavambo, uye Vanogona kuchichengeta.

⁷⁰ Abrahamama wakadana zvinhu izvozvo zvisipo, sekunge zvaivepo, nokuti akanga akagutsikana zvizere kuti, icho Mwari vakanga vavimbisa, Mwari vaigona kuchiita, nokuti Vangadai vasina kumboita vimbiso yacho kunze kwekunge Vaiziva zvazvaizova.

⁷¹ Munoono kuti tinogona kuzorora paShoko raVo zvakadii zvino? Hazvinei kuti dutu ravhuvhuta zvakaomarara sei, chii chinopesana naRo, iwe zorora wakaperera paShoko. Mwari vakaRitaura, iVo vacho vakaona rumwe rutivi rwedutu. Maona? Saka, kana uchirwara, chingosungirira mweya wako muNzvimbo yeZororo. Kana uchinetsika nekushushikana, rangarira, Vakati, “Ndichava newe nguva dzose, kunyangwe kusvikira kumagumo enyika.” Uye ndiVo...Vakati, “Zvinhu zvose zvinoshanda pamwe chete mukunaka kune avo vanoda Ishe,” saka chingogara ipapo.

⁷² Mumwe murume akanyora, nyanduri akanyora, “Hoko yangu yakabaturira mukati mechidzitiro.” Chidzitiro chii? Chimwe chinhu chinovhara pano kubva kune Uko. Zvino hoko iri mukati mechidzitiro. Hauoni kuti zvichange zvakadii, asi unoziva kuti pane chimwe chinhu chakakubata, chakabatawo kumusoro Uko.

⁷³ Uye kana gungwa richivhuvhuta uye riine dutu, makamboita here...Ndinofunga kuda vamwe venyu hamusati mambova nemukana wekuona ngarava yakadzikiswa hochekeso. Oo, ini zvangu! Ndakadzikwira pavanokanda hoko yemungungwa saizvozvo, kusvikira chikepe chidiki chaitadza kana nekuenda napamusoro pesa—saisai. Chaipinda nemusaisai iroro. Asi chero bedzi hoko yakabaturira, ndizvo zvoga zvinopa mutsauko.

⁷⁴ Zvisinei tingaenda napamusoro paro, pasi paro, kurinyenyeredza, kana nemariri, hazvina basa; hoko yakabaturira. Ndiyo nzira apo madutu ehupenyu anotanga kutizunguza. Tinogona kupfuura nemariri, tinogona kutoenda nepamusoro paro, nepasi, kuritenderera, asi ingorega hoko yakabaturira mukati mechidzitiro, kune zvisingaonekwi. Hatizive kuti iri nechepapi chaipo, asi yakabata.

⁷⁵ Sekakomana kadiki, munoziva, kaiva nekaiti. Makanzwa chitaurwa chakare, nyaya yacho. Akati, “Unoziva sei kuti une kaiti kumucheto uko?”

Akati, “Ndichiri kuinzwa ichigwinha-gwinha.”

⁷⁶ Saka, ndizvozvo. Kana tichigona kuinzwa ichiri kugwinha-gwinha, Mwari vachishanda nemoyo yedu, tinobva taziva kuti hoko yedu ichakabaturira.

⁷⁷ Ndinotenda kuti aive Benjamin Franklin akabata mheni ndokuiisa mubhodhoru, akabata mheni, magetsi. Chimwe chinhu mukati make chakadana, uye chikati, “Mune simba mune izvozvo. Simba iroro rinogona kumbobatwa.” Uye kana ine simba rakadaro, kupfura migwagwa uye nekutsemura matanda, kutsemura ichizarura pasi, chii chayaizogona kuita kana ikambobatwa? Inopa chiedza, nekuvaima, nekurova pasi rose. Zvino Benjamin Franklin, ndinotenda, achibhururutsa kaiti yake, nekiyi yakasungwa kumucheto wemuswe wayo, nebhodhoru pasi kuzasi kwacho. Zvino paakaabata, haana kuziva chaiva nacho, asi akatanga kudanidzira kuti, “Ndaabata! Ndaabata!” Haana kuziva kuti chaiva chii; akanga asingazivi kuti aizoitai sei nawo; asi aiziva kuti aiva nechimwe chinhu.

Uye ndizvo zviri munhu wese kuti dzake:

Tariro hadzina kuvakirwa pane chimwe chinhu
chiri

Kunze kweRopa raJesu nekururama;

Uye kwese kwakapoterredza mwewa wangu
kwakundika,

Zvino ndiYe tariro yangu yese nembambo.

Pana Kristu, Dombo rakasimba, ndinomira;

Dzimwe nzvimbo dzose ijecha rinonyudza.

⁷⁸ Kana wangozvarwa patsva, Mwewa Mutsvene unotora nzvimbo yaWo mumoyo. Vamwe vechiduku vangasakwanisa, kana kuti vaduku, kana kuti vangange vasina kudzidza, zvisinei hazvo nezvazviri; hapana anogona kuzvitsanangura, saka usanetseka nekuti hauna kudzidza. Hawaikwanisa kuzvitsanangura. Hapasati pave nemunhu nazvino angagona kuzvitsanangura, zvisinei kuti akangwara kana akatesva njere zvakadii. Ichakavanzika chaMwari Voga. Asi kana Shoko iroro ratora Hupenyu mumoyo mako, uye woRiona, unodanidzira kuti, “NdaRibata!” Hauzive zvauchaita naRo; hauzive zvaRichaita newe; asi unoziva kuti chimwe chinhu chaitika, uye unaRo.

⁷⁹ Zvino, naizvozvo, paShoko! Zvakanaka. Zvino tatarisana mangwanani ano, uye pamberi pedu tine, zvatakatarisana nazvo, pamaonero angu, rimwe remagwaro akakoshesesa emuTestamende Yekare. *Josefa* (watichataura pamusoro pake) *Achisangana Nehama Dzake*. Panogona kuva nenzira 100 dzakasiyana dzokuti Mwewa Mutsvene upinde mune

izvi wogozvibhedhenura kumoyo yedu pamwe nepfungwa. Saka, ndichifunga izvi, zvatiri pano kwemazuva mashoma, tinogona kutaura kwenguva shoma mangwanani ano, nekuda kwekuomarara kuri pahuro, uyezve zvichida ndozozvitora zvakare manheru anhasi kana mufundisi vasina chavainacho pamoyo wavo, uye zvichida toenderera mberi nazvo nekuzvipedzisa neMuvhuro manheru, kana zviru izvo kuti Mwari vanozvipa nenzira iyoyo.

⁸⁰ Zvino, tinonyatsoziva zviru maitiro eTestamende Yekare, kuti iko, “Zvinhu zvese zvekare zvaive mumvuri,” VaHebheru 11, “mumvuri wezvinhu zvichauya.” Zvakanaka sei izvozvo, kuti Mwari vanofanofananidzira!

⁸¹ Uye patinonzwa mumvuri uyu, tingati, tinoziva kuti pane chimwe chinhu chiri mberi kwepano. Ivo... Mwari, muhusamasimba hwaVo, mupfungwa dzaVo huru dzekusingaperi, vachiona chimwe chinhu chichida kutoitika, Vanogona kufanoyambira nezvacho. Vanogona kuita kuti zvinhu zvose zvishande pamwe chete, kunyange hashu dzemunhu, kuVarumbidza, kunyange mumwe munhu anokuitira hutsinye. Sezvatichawana, mushure mechinguvana, kana Ishe vachitendera, kuti vakoma vaJosefa vakamuitira hutsinye zvakadii, zvino Vakazodzokazve, ndokutora izvozvo ndokuzviita kuti zvipe rumbidzo kwaVari. Saka, hatina kana chinhu chekunetseka nacho, hapana kana.

⁸² Kutu Mwari, kubudikidza nemukomana iyeye, vaifanofananidzira kuuya kwaishe Jesu kwekutanga, nekuuya kwaIshe Jesu kwechipiri, ndokuzvishanda zvose mune hupenyu hwaisaziva kana chinhu pamusoro pezvakaanga zviru kuitika. Amen. Izvozvo hazvingoitewo here chimwe chinhu kwauri, kuona Josefa mudiki anonzvisa urombo? Handiti, akanga asingazivi kuti chii chaitora nzvimbo, kuti sei zvinhu zvose izvi zvaifanira kuitika. Asi zvose vakanga vari Mwari, vachishanda zvavo, vachifanoratidza, vachifanofananidzira zvinhu zvaizovapo.

⁸³ Zvino unogona kucherechedza Shoko, kuti unoRitora sei apa woRiverenga muna Genesi, woRiverenga pakati peBhuku, woRiverenga kumagumo kweBhuku, uye Shoko rose richipindirana nerimwe rose saizvozvo. Uye Rakanyorwa zviuru zvevakore zvakasiyana, nemazana evarume vakasiyana. Maona? Saka, naizvozvo, munona kuti zvose ndiMwari. Mumwe asingazive mumwe, kana kuziva kuti iBhuku ripi rakanyorwa, pasina chavanoziva nezvaRo; imwewo nguva, rimwewo zera.

⁸⁴ Uye tinogona kuona, nhasi, kuti Mwari vari kushanda sezvaVakangoita kumashure uko. Tiri kungopinda zvino, tozoguma tava mugore idzva, kubva mumumvuri wereKare. Uye kuti pamavambo, kuti Mwari, paVakaona chivi chichizitora

hutongi hwacho pamusoro penyika nepamusoro pevanhu, kuti hurongwa hukuru hwakanga hwatsveyamiswa zvakadii; kwete kukanganiswa, kwete kusikwa patsva, asi kungotsveyamiswa.

⁸⁵ Munoono, Satani haakwanise kusika. Anokwanisa chete kutsveyamiswa. Chese chamunoono, chakaipa, kururama kwakatsveyamiswa. Maona? Ukaona muuki wekare kunze uko munzira, vanongova vaporofita vakatsveyamiswa. Maona? Ukaona chero chinhu chakaipa, uchiona murume achirarama asina kutendeka kumhiko dzake kumudzimai wake, ikoko kururama kwakatsveyamiswa kuva chakaipa. Kana rimwewo divi racho, ukaona madzimai mumigwagwa, vachiita zvanonoita uye vachiva sezvavari, iwayo madzimai akatsveyama.

⁸⁶ Ndakapfuura nemuLouisville, rimwe zuva, mudzimai wangu neni, zvino ndakaona chiratidzo pahwindo, pataibva kunodya, muna Fifth Street. Uye chaiti, “Matapura ndeemadzimai.”

⁸⁷ Ndakati, “Havana kumbobvira vava nemutengi.” Kwete, mudzimai kwaye haangapinde imomo. Paanopinda imomo, haasisiri mudzimai kwaye zvachose. Maona? Saka, havana kumbova nemutengi, pasi pechiratidzo ichocho. Madzimai kwawo haaendi kunzvimbo idzodzo. Asi, munoono, zvavari avo vanopinda imomo, madzimai akatsveyamiswa. Maona? Zvakanaka.

Zvino, Mwari, kuita kuti zvinhu zvose zviVarumbidze!

⁸⁸ Tiri kupemberera Kisimusi, kuzvarwa kwaIshe Jesu. Zvino va hazvo kuti, harisi iro chairo zuva rekuzvarwa kwaKe. Bhavadhe raKe raive muna Kubvumbi. Nokuti, kuJudhea kuri kutotonhora, kana kutonyanya kutonhora muna Zvita, kupfuura zvazviri kuno. Saka, tinocherechedza izvozvo. Makaona mufananidzo rimwe zuva, mota dzehondo dzine nganunu kumusoro uko muchando, nezvimwe zvakadaro, muJudhea. Ungafungidzira here vafudzi vavete pamusoro pechikomo mumamiriro okunze akadaro? Asi, handiro zuva racho. Asi iro, zuva racho, harireve haro zvakananyanya, ndeayo ma—maonero atinawo kuzuva iroro rakatsaurwa.

⁸⁹ Zvino cherechedzai. Mwari pavaakangoona mbeu yemudzimai iyi, uye kuti vakanga vamonyororwa sei ikoko uye kururama kwakanga kwatsveyamiswa, Mwari vakapa vimbiso yokuti kubudikidza nomudzimai iyeye kwaizouya Mbeu yakaropafadzwa. Mazvibata here? Paizova neMbeu.

⁹⁰ Zvino Satani paakangozvanzwa izvozvo, uyo akanga amirepo, paakangozvanzwa, akapinda pokuti aparadze Mbeu iyoyo. Zvino akaedza kuzviita muna Josefa. Akaedza zvose nemuzera. Uye achiri kurwisana neMbeu iyoyo yakaropafadzwa. Amen.

⁹¹ Ndinoda kuti munyatsofungisisa zvakadzama, kwechinguvana chete zvino. Kutu, mopfeka ngowani yoruponeso, uye nyatsoteererai zvino. Hechino chimwe

chinhu chakanyatsokosha. Uye unogona kusabvumirana nazvo; zvakanaka. Asi, makacherechedza here, pakango. . .

⁹² Pakanga patove neku—kubata pamuviri, nokuti Evha akanga atorarama zvisina kururama uye akanga aita chivi. Zvakabva kupi izvozvo? Zviri muna Genesi. Vanhu nhasi vari kuedza kutsvaga chibatanidzo chisipo pakati pemhuka nemunhu. Ichi chizaruro. Bhaibheri rakataura, kuti, “Nyoka yakanyengera mudzimai.”

⁹³ Nhasi uno, munhu anogona kuunza hupenyu hwemhuka, uye mhuka yavanayo iri pedyosa nemunhu chimupanzi. Vanogona kuchiita kuti chipute chikwepa, kuchovha bhasikoro, kupfeka ngowani, kuisumudzira. Zvakangoita sekuti “kurudyi” uye “kuruboshwe” uchireva kubhiza. Rwunongova ruzha. Harina munhu wemukati. Harigoni kufunga. Rinokwanisa chete kuenda neruzha. Harina munhu wemukati. Zvino vane chibatanidzo chiri kushaikwa, pakati apa chaipo, chavasina kumbobvira vakwanisa kuwana. Zvino kwemakore 6,000 vakaedza kuti vawane inzwi rimwe chete kubva muchimupanzi, uye havagoni kuzviita. Havazombofa vakazviita. Asi, tinoziva kuti hupenyu hwedu ndehwemhuka. Hupenyu hwedu ndehwezvirimwa, kubva muvhu.

⁹⁴ Sezvandaitaura rimwe zuva, pamariro ehanzvadzi yedu inodikanwa. Tiri chitsama chezvinhu 16 zvenyika, chiedza chemuchadenga, nemafuta, nezvinhu zvakabatanidzwa pamwe chete. Taive pano Mwari pavakataura uye vakati, “Ngakuve ne,” mitumbi yedu yaivepo. Asi, chimwe Chinhu, Pfungwa yepamusoro yakatiumba pakuva zvatiri zvino. Ndokutigadzira tiine zvanza nemaoko, nezvimwe zvakadaro, kwete kutiparadza, asi kuti tirarame nokusingaperi. Chivi ndicho chakaparadza. Uye iYe Akatisika, isu tisina kana chii—chii zvacho chataimboziva kuti taizovapo pano, iYe akatisika nekubatanidza zvinhu izvi pamwe chete nekutiita zvatiri zvino; haAngakwanise here nekupfuurira, kubudikidza nekutipa rusununguko rwekuzvisarudzira kuti tizvigamuchire, uye neShoko rimwe chete rakatisika, akativimbisa kuti Achazotimutsa zvakare. Handiti mafuta ose aya anotogona kwazvo kubatana pamwe chete, nemaatomu, nezvimwe zvakadaro, mune. . . kubudikidza neShoko raMwari!

⁹⁵ Zvino, pamavambo, Mwari pavakataura, uye Satani akanga amire ipapo ndokuzvinzwa.

⁹⁶ Uye vanhu vari kuedza kutsvaga chibatanidzo chisipo ichi. Ndinokuudzai, nechizaruro, kana muchida kuzvigamuchira. Munhu iyeye ari kushaika, pakati pemhuka nemunhu, inyoka, isati yabviswa makumbo ayo pairo. Bhaibheri rakati, “Yakanga iri mhuka ine mano kupfuura mhuka dzose,” isiri iyi inokambaira, “dzemunzvimbo dzose.” Ndiyo yakanyengera mudzimai, nerunako rwayo pachiso, iye ndokubata pamuviri.

Uye zvino, nokuita izvozvo, uye nokuona kuti chivi chainge chichiuya, Mwari vakaisa chituko pairo kusvikira sainzi haimbofi yakawana chero hukama zvawo pakati penyoka iyi, sekuzivikanwa kwainoitwa nhasi, nerudzi rwevanhu. Asi hechoka chisikwa chenyu chakawa, chakaderedzwa, pakati, chaibatandiza hupenyu hwemhuka pamwe chete. Hezvoka izvo.

⁹⁷ “Mwari vakazvivanza kune vakachenjera nevakangwara, asi vachazvizarura kuvacheche vachadzidza.” Maona?

⁹⁸ Hoyo munhu wenyu akadonha, nyoka. Yakabviswa kubva pakuva . . . ine mano akanyanyisa, hurusa, yakanakisa pachiso, yacho yakada kufanana nemunhu. Uyezve nokuda kwechakaipa ichi chayakanga yaita naEvha, Vakaideredza ndokuva chipuka chinokambaira, “Kuti ifambe nedumbu rayo, mazuva ose ehupenyu hwayo, uye guruva rinofanira kuva zvokudya zvayo.” Ndipo panogona kusvikwa nesainzi ipapo, zvino muti wavo wobva waondomorerwa pasi.

⁹⁹ Cherechedzai, zvino, mudzimai paakangoona kuti iye . . . iye . . . Zvino, akanga anyengerwa. Haana kuunza chivi. Akanyengerwa. Akafunga kuti zvakanga zvakana. Asi, “Adhamu haana kunyengerwa,” rakadaro Bhaibheri. Akaziva kuti zvakanga zvakaipa, uye mudzimai akamuita kuti aite zvimwe chete zvakanga zvaitwa nechikara ichi.

¹⁰⁰ Zvino akabereka mwanakomana wake wedangwe, uyo, maitiro ose adhiyabhore aiva mumukomana iyeye. Aive mhondi. Aiva negodo. Zvaigona sei kubva mudzinza iroro rakachena raMwari? Zvaifanira kubva kune wakaipa. Zvino paakangoita izvozvo, zvino iye, dhiyabhore, akashandisa chombo chake.

¹⁰¹ Akabereka mwanakomana wake wechipiri, akanga afanana naAdhamu, uye imomo maiva naAbheri. Uye, nokukurumidza chaiko, dhiyabhore akaedza kuparadza mbeu iyoyo yakarurama. Zvino akatendeuka ndokuuraya Abheri, pakutanga; unova mufananidzo waJudhasi naJesu. Kumuurayira paartari; apawo, Jesu, Judhasi akauraya—akauraya Jesu, akaMupandukira nekuda kwemasirivheri 30 ndokuMutengesha. Zvakana.

¹⁰² Asi, cherechedzai. Paakaita izvozvo, zvino Mwari, mufananidzo waKristu, zvose rufu nerumuko, Vakamutsa Seti kuti atore nzvimbo yake. Maona? Zvino dhiyabhore akatevera Seti.

¹⁰³ Zvino tarisai. Ipapo, kuparadzwa nemvura zhinji kusati kwaitika, kwaiva nedzinza rakareba revarume vakauya kubudikidza nevanakomana vaKaini, vachibva kunyika yeNodhi, uye vakanga vari varume vesainzi, vakangwara, vakachenjera, varume vanoshamisa. Vaitopisa vachisimbisa simbi. Vakavaka dzimba. Vaive budiriro yehungwaru inoshamisa. Bhaibheri rinoenderera mberi richtaura mashandiro avaiita nemhangura, mashandiro avaiita nesimbi.

Asi, rimwe boka iri vakanga vari varitairi.

¹⁰⁴ Asi, mapoka ose ari maviri vakanga vachinamata. Kaini ainamata. Abheri ainamata. Uye Mwari vakatara mutsara, zvaive zvakarurama ndezvipi. Kaini aingonamatawo saAbheri. Vose vakavaka maartari. Vose vaitenda muna Mwari. Vose vainamata Mwari. Vose vakauya nezvipi.

¹⁰⁵ Zvino tarisai mbeu 2 idzi. Imwe, ichirwisa; yakaipa yacho ichiedza kuparadza Mbeu yakarurama. Zvino akaedza kuparadza Abheri; akatodaro, asi Mwari vakamutsa Seti kuti atore nzvimbo yake. Akafunga kuti akanga abata Jesu ipapo chaipo. Tarisai mukufumba kwezera, kwese-kwese. Iye, kwese kwaakauya, akaisa Mbeu iyoyo parumananzombe. Paakauraya mumwe, kana mumwe wacho, akafunga kuti abata iYe wacho. Zvino, pakupedzisira, aka—akatevera Johane Mubhabhatidzi, akapedzisira agura musoro wake. Akafunga kuti aMubata zvino, asi akazoono kuti Akanga ari muna Jesu. Akauraya vacheche vose. Uye, Mosesi; akaedza kuuraya Mosesi. Akaedza nenzira dzose dzaaigona kuti aparadze Mbeu iyoyo, uye paakauraya Kristu paKarivhari; asi Mwari vakaMumutsa zvakare, nezuva retatu, zvino Vakazotumira Mweya Mutsvene kuzodana vanakomana nevanasikana kuna Mwari. Uye mbeu iya imwe chete yakaipa, yechinamato iri kutambudza Mbeu iya yakarurama nanhasi. Munozviona here? Vari kuedza kuparadza Bazi iroro raMwari rakarurama.

¹⁰⁶ Zvino, mativi ose maviri, kana mukacherechedza, akatangira muna Genesi, mativi ose ari anonamata. Rimwe racho, riri sangano, vanokarira zvepamusoro. Uye rimwe racho, vakazvininipisa, vachifamba muMweya, nechizaruro.

¹⁰⁷ Abheri aizoziva sei kuti raive gwayana panzvimbo yemichero yemumunda? Nokuti zvakarurwa kwaari, nechizaruro chaMwari.

¹⁰⁸ Jesu akataura zvimwe chetezvo, Petro paakaMupupura kuva Mwanakomana waMwari. Akati, “Nyama neropa hazvina kuzurira izvi kwauri, asi Baba vaNgu vari Kudenga vazvitarura kwauri. Padombo iri . . .” Dombo, kwete Petro, kwete Jesu, asi pachizaruro chaMwari. “Ndichavaka Chechi yaNgu, uye masuwo egehena haangalkuriri.” Mazvibata here? Chizaruro chaMwari.

¹⁰⁹ Zvino tarisai. Kushingaira kwese, kwenguva, ikoko, vaisangana chiso nechiso vorwisana. Tarisai apo Moabhi yakanga iri pamusoro pechikomo, uye Israeri iri mumupata. Uye Israeri ichitongokumbirawo sehama, munhu kwaye, kuti ipfuure nomunyika mavo, ichienda kunyika yechipikirwa yavakanga vavimbiswa naMwari; vakangokumbira rumutsiriro ruduku muchechi yavo, tingati. Kungopfuura nemunyika, uye vakavimbisa kuti vaizobhadhara huswa hwaizodyiwa nemombe. Uye vaizofamba nemumugwagwa mukuru wamambo, uye

zvinhu zvavaizoita pavaifamba vachipfuura nemudzinyika, uye vaizozvigadzirisa. Asi, godo. . .

¹¹⁰ Zvino, Moabhi, nyika yeMoabhi yakanga isiri yeveyingatendi. Vakanga vachitenda muna Mwari mumwe cheteyo aitendwa neIsraeri, nokuti vakanga vari vanakomana vevanasikana vaRoti; Mwanasikana waRoti akabata pamuviri Roti paakanga akadhakwa, nababa vake chaivo. Zvino vakanopinda, uye ivo. . . Ndiko kwakabva vaMoabhi ava.

¹¹¹ Zvino muporofita wavo paakabuda, mudzidzisi wavo, aipengeswa nemari, ndokuvaka maartari, maartari 7, maartari mamwe chete chaiwo aidiwawo zasi kuno uku. Heinoi Moabhi igere apa, nyika huru yesangano yakanaka, yakanyatsorongeka ichinyatsoonekera.

¹¹² Zvino heinoi Israeri, kamuumburuki katsvene kairitaira kari mumatende, kubva pane imwe nzvimbo kuenda kune imwe nzvimbo. Unoti, “Muumburuki mutsvene”? Chokwadi ndizvo zvavaiva, kana ivo—ivo vari zvavanodaidza, nhasi, kuti muumburuki mutsvene.

¹¹³ Pavakayambuka Gungwa Dzvuku, uye Mwari vakaita chishamiso pamberi pavo, Miriami akatora tamborini ndokutanga kuridza tamborini, uye achimhanya achidzika nemahombekombe, achidanidzira nokusvetuka, nokutamba muMweya. Uye vanasikana veIsraeri vachimutevera, vachisvetuka, vachidanidzira, vachitamba muMweya. Uye Mosesi akamira akasimudza maoko ake mudenga, zvichida achiimba nomutauro usina kumbobvira wakanzwika nomunhu upi zvake, rwiyo rwaisagona kunzwisiswa nemunhu. Akaimba kunaShe, muMweya. Kana vasiri vaumburuki vatsvene vemazuva ano, handizive kwekuvatsvaga. Vaiva nezviratidzo nezvishamiso pamwe navo.

¹¹⁴ Zvino, kana Mwari vachingoremekedza chete zvepamavambo, tarisai pano. Moabhi, tichitaura maringe neMagwaro, yaitenda zvepamavambo sezvaiita Israeri. Yakanga ine zvose zvaiva neIsraeri. Yakanga ine maartari 7. Ndiwo aidiwa naMwari; Israeri yakanga ine maartari 7. Yaiva nezvibayiro 7 zvakachena. Israeri yaive nezvibayiro 7 zvakachena. Havoka Kaini naAbheri, zvakare. Maona? Zvakanaka. Uyu akapirisa nzombe 7. Uyuwo akapirisa nzombe 7. Uyu akapirisa makondohwe 7, zvichireva kuti. . . yaitenda kuti Kristu aizouya. Uyu akabayirawo makondohwe 7, chinhu chimwe chete. Vachingotenda zvepamavambo sekungotenda zvepamavambo!

¹¹⁵ Kaini akavaka artari; Abheri akavaka artari. Kaini akapa chipiriso; Abheri akapawo chipiriso. Abheri akanamata; Kaini akanamatawo. Asi, Mwari vakasimbisa, vakaratidza kuti Abheri ndiye aiva sarudzo yaVo.

116 Mwari vakaratidza pano kuti Israeri yaive sarudzo yaVo, nekuti Israeri yaive nechemweya mumusasa mavo. Kunyangwe, nekukanganisa kwavo kwese, vaive neShongwe yeMoto yaivatevera. Vaive neyananiso yekupodza kwaMwari, uye vaiita zvekupodza kwaMwari; nyoka. Vakanga vaine dombo rakarohwa. Vaiva nezviratidzo nezvishamiso mumusasa.

117 Johane paakauya, aiva wemweya. Pakauya Jesu, zvaivawo zvemweya. Zvino muvengi, kudivi rezvepamavambo, aigara achitambudza vemweya ava.

118 Munoono zvaari kuedza kuita nhasi? Zvimwe chetezvo, “Bvisai kupodza kwaMwari! Dzingai vanhu ava! Hapana kana nezvavo!” Varemekedzwa, vanhu vakuru! “Vabvisei panzvimbo!” Hama, hachisi chimwe chinhu kunze kwedzinde iroro, richitambarara kuruka nzira yaro muna Genesi, kusvika muna Zvakazarurwa.

119 Ndinotora divi rangu nevaumburuki vatsvene!...?... Ngazvive chero hazvo...Handisati ndamboona muumburuki mutsvene. Iroro izita rakaiswa nadhiyabhore paChechi yaMwari, iro risingafanirwe kunge riripo ipapo. Havasi vaumburuki vatsvene. Ivo vanakomana nevanasikana vaMwari, vasinganzwisiswe nenyika.

120 Zvino, Josefa akaberekwa nababa vake, uye aidiwa nababa vake, uye achivengwa nemadzikoma ake. Zvino cherechedzai, mufananidzo wakakwana waIshe Jesu. Ndinoda kuti mucherechedze kuti hupenyu hwaKe hwakangofananidzira sei, muTestamende Yakare, zvinhu zvose zvinofananidzira zvino. Tarisai kumashure uko muone mufananidzo; hoyo mumvuri wacho, uye munoono kuti chaifananidzirwa chacho chii. Zvino cherechedzai, Josefa, ari mufananidzo waKristu, mufananidzo weChechi, mufananidzo weMweya Mutsvene. Mufananidzo...Akanga ari muchinda webudiriro, sezvakaita Kristu, sezvakangoita Chechi nhasi.

121 Cherechedzai, zvakare, kuti, paakaberekwa, baba vake vaimuda uye vakamugadzirira jasi rine mavara mazhinji. Zvino, kune mavara 7 chete akakwana mumavara ose. Mamwe ese akagadzirwa kubva pamavara aya. Uye jasi racho zvichida raiva nemavara mariri, remavara 7 akasiyana, mitsetse yemavara, mujasi rakagadzirwa nababa. Kana mukacherechedza, pamwe Jakobho haana kuzvinzwisisa panguva iyoyo, asi zvaireva kuti “Uyo Akavimbiswa.” Mwari pavakapa Noa chiratidzo chemuraraungu, mavara 7, yaive vimbiso, kana kuti uYo weSungano. Mwari vakanga vaita sungano yokuti haVaizoparadza zvakare nyika nemvura.

122 Uye sungano yaMwari yakatakurwa ichipfuura nemuna Jakobho, ichipinda muna Josefa. Abrahamama aive kusanangurwa, uye Isaka aive kururamiswa, uye Israeri aive nyasha, uye Josefa aive kukwaniswa. Ndiye ega aive nemavara.

123 Tinoona Jesu agere paChigaro chehumambo, aine mavara, muraraungu wakaMukomberedza, muna Zvakazarurwa 1. Yaiva sungano yaMwari nevanhu. Kristu . . . Hezvinoi izvi. Oo, ndinoda chaizvo kuti muzvione! Kristu ndiye sungano yaMwari nevanhu vaKe. Kwete masangano; asi Kristu ndiye sungano yaMwari.

124 SaJosefa aivengwa, Kristu anovengwawo nhasi uno. Havadi kutaura kuti vanovenga Kristu, asi mabasa avo anoratidza zvavanoita. Vanopesana nekufamba kwese kwaKe; kutaura nezvemaitiro aKe, mabasa aKe, kuita kwaKe kunoshamisa. Zvino, chokwadi, tina Satani pamusasa, zvakare, achirwisa. Zvirokwazvo. Zvino vachanongedzera kumashoko aSatani. Asi, handina basa kuti Satani anoitei ku—kuedza kuvhiringidza. Shoko raMwari rinomira rakakwana, uye vimbiso yaVo yakakwana. Handife ndakada kutora divi neboka iroro.

125 Cherechedzai, hepano paAiva, Sungano yacho. “Kristu aifanira kuonekwa sedombo rejaspisi nesadhio,” muna Zvakazarurwa. Ndiro raiva dombo repachipfuva . . . dombo rekuzvarwa, waro, kubva kuna Rubheni kusvika kuna Bhenjamini. Ndiko kwaiva kuratidzwa kwesadhio nejaspisi, paaipenya pamwe chete pasi peChiedza chaMwari, akaita sungano pana Kristu, muraraungu. Uye zvinotaura nezve? Rubheni, ndiye aiva mukuru pane vose; Bhenjamini, mudiki pane vose! Kubva pane wekutanga kusvika kune wekupedzisira, “Ndiye wacho Akambovapo, Aripo, uye Achauya; Mudzi wacho, Mwana waDhavhidhi. Ndiye Nyeredzi yeMangwanani. Ndiye kubva kuna A kusvika kuna Z; Arufa, Omega; Kuratidzwa kwaMwari kubva pamavambo enguva kusvika pakuguma kwenguva. Hoyoka uyo, sungano yaMwari nevanhu vaVo.

126 Nezvimwe zvinhu zvose izvi, Josefa, Dhavhidhi, vaporofita vose, vaingova chadzera. Amen. Vachiratidza, kubva kuMbeu yechokwadi kubva mubindu reEdheni, kusvikira panguva yaAchauya kechipiri, muKubwinya, kuzogamuchira vanhu vaKe neChechi yaKe. Hezvoka izvo, zvinoyevedza kutarisa pazviri.

127 Josefa, vakoma vake vaimuitira pfini. “Vaimuvenga, pasina chikonzero,” nokuti aifemerwa nemweya. Mazvibata here? Kaini aivenga Abheri, pasina chikonzero, nekuda kwekufemerwa kwake nemweya. Moabhi yaivenga Israeri, pasina chikonzero, nekuti yaive nekupodza kwaMwari, zviratidzo, zvishamiso, neminana. Aimuvenga, pasina chikonzero, uye haana kumutendera kuti apfuure achienda . . .

128 [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] . . . kuve nemukadzi womukoma wako. Amen. [Chibenga chisina chinhu patepi.]

129 Zvino, shamwari dzangu dzinodikanwa, ndinoda kuunza chimwe chinhu kundangariro dzenyu, uye ndinoda kuti muzviise pasi munyasi membabvu yechishanu kurutivi rworuboshwe, mutende rekamuri iyoyo inonzi moyo.

¹³⁰ Hapana, muzera ripi zvaro kana chero nguva, apo Mwari vakambofemera munhu, paakazomboenda kudivi rechinamoto, vanongodaidzwawo kuti vanhu vechinamoto vemunyika. Haana kumbobvira akamira nemasangano. Nguva dzose, aitopikisa, uye achipesana nemasangano ezuva iroro, uye achipesana nehurongwa hwezinamoto zvezuva iroro. Ndiratidzei muporofita mumwe chete, ndiratidzei imwe nguva muBhaibheri, yekuti munhu waMwari chero upi zvake akambotsungirira neanonzi masangano echinamoto ezuva rake. Amenii.

¹³¹ Kunyange Eria, mushure mekuvaka chikoro chevaporofita, handiti, paakaenda kumusoro ikoko, vaitoda kuti abvepo. Akati, “Pakanyanyisa kururama pano.” Maona? Ahabhu nevatungamiriri vezvinamoto vezuva rake; Eria akazvipatsanurira, kuGomo reKameri.

¹³² Tarisai Johane Mubhabhatidzi, achizvipatsanura, haana kana kumboenda kuchikoro chavo, kuti adzidze dzidziso yavo yebhaibheri. Asi, Mwari vakamutumira murenje, kuti vamugadzirire basa.

¹³³ Mhando iyi yaKaini haina kumbokwanisa kuisa bhachi ravo rehufundisi pane munhu waMwari. Harikwane. Ndizvozvo. Cherechedzai, kubudikidza nemumazera.

¹³⁴ Zvino Jesu paakauya, haAna kana kumbobvunza chero ani zvake wevadzidzi vebhaibheri ava, asi akavadana kuti, “Boka renyoka, kana kuti nyoka muhuswa.”

¹³⁵ Vadzidzi havana kumbobvira vawirirana nechero emasangano avo zvawo. Vakanga vari kudivi raAbheri.

¹³⁶ NaJosefawo haana kumbobvira akawirirana navo. Akavengwa nekurambwa, nekuda kwechinangwa chimwe chete chakarambirwa vamwe vose. Nokuti, Mwari vaiva naye nenzira yepamweya, uye neimwe nzira yakasiyana neyaVaiva nayo nevamwe vose ava. Uye vakamuvenga, pasina chikonzero. Kaini akavenga Abheri, pasina chikonzero. Madzikoma akavenga Josefa, pasina chikonzero.

¹³⁷ Uye, nhasi uno, munyika yezvemasangano, zvisinei kuti rakakura zvakadii; ndinobvisa ngowani yangu, ndoti, “Ndinotenda Mwari nokuda kwawo.” Asi, mudzidziso dzavo huru dzose, machechi avo makuru, zvinhu zvikuru; zvakadaro, mazviri zvose, Mwari vanodana vanhu vasina chekuita nazvo, nokuti havadi kuwirirana nechemweya. Kune kufamba kuripo, nhasi uno; uye vanovenga kufamba ikoko, pasina chikonzero.

¹³⁸ Ndakanzwa mumwe murume achiti rimwe zuva, zvakapotsa zvashandura ropa rangu kuita mvura, kunzwa murume ane runziro, muparidzi mukuru weBaptisti.

¹³⁹ Uye akanga achitaura pamusoro, pekuti, zvakanga zvisiri muMagwaro kuti ani zvake anamate mhandara Maria. Ndezvechokwadi chaizvo! Ndizvozvo. Akati kwakanga

kusina Gwaro, rekunamata chero ani zvake kunze kwaKristu. Ndizvozvo chaizvo. Akati, “Mwari vaiva muna Kristu, uye maAri maive nehuzaro weHumwari.” Ndizvozvo chaizvo.

¹⁴⁰ Asi zvino, mushure medzidziso yeMagwaro yose iyoyo yakanaka, inoshamisa, akadzokazve ndokuti, “Hapana kana chishamiso chakaitwa panyika.” Nokuti anopikisa zvikuru kupodza kwaMwari, akazodzokazve ndokuti, “Hapana kana chishamiso chakazoitwa mushure merufu rwaKristu. Hapana akambomutsa vakafa, mushure maKristu, nokuti ndiYe Ega Aiva neHupenyu Husingaperi.”

¹⁴¹ Asi, ndinotaura kwamuri, kuti Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, akaudza vadzidzi vaKe kuti, “Endai munoparidza Evhangeri; podzai vanorwara; uye mumutse vakafa; uye munatse vane maperembudzi.” Ndizvo zvakataurwa naJesu kuvadzidzi vaKe.

¹⁴² Vanhu vangava mapofu sei mune zvekunamata? Vanobva vaomarara musoro nokuda kwezvidzviso zveasangano uye vovenga hama dzavo, pasina chikonzero. Muri kuzviona here? Kuoma musoro chaizvo, zvisina kana maturo, vanozviita nekuda kwemukurumbira wavo.

¹⁴³ Mumwe mushumiri mukuru wenyika nhasi, akabvunzwa kuti sei asina kugamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, mushure mekunge rwaratidzwa nevamwe varume vechinhano chake, vakanga vagamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Akati, “Rwaizokanganisa shumiro yangu.” Kana mukandiudzawo, chero nguva . . .

¹⁴⁴ Rwunogona kukanganisa shumiro yemumwewo munhu, asi harwumbokanganisa shumiro yaJesu Kristu inofanira kupfuurirwa mberi nayo. Rwuchafambisa mberi chikonzero cheshumiro yaJesu Kristu.

¹⁴⁵ Asi ava VaChiremba vakati hakuna munhu akambomutsa kubva kuvakafa. Vakati, “Ndinoziva kuti kune boka revaumburuki vatsvene munyika nhasi, vanoti vakaona vakafa vachimutsa. Asi,” vakati, “ah! Hapana kumbova nehumbowo hwesainzi hwekupodzwa chero kupi zvako kana chero chii zvacho.”

¹⁴⁶ Zvino, munoona, hezvinoi izvi, hama yangu nehanzvadzi. Ndinoda kuti munyatsocherechedza izvi nepedyo chaipo. Chikonzero zvakadaro, ndeichi. Nhasi, vanhu . . .

¹⁴⁷ Mumazuva aShe Jesu, mumazuva emaTestamende, apo vanhu waitenda muna Mwari, vakanzwa nezvechishamiso chichiitwa, havana kumboedza kuchiongorora nesainzi. Vakachigamuchira. Vakangochitenda, nokuti vaiziva kuti vaive Mwari.

¹⁴⁸ Asi, nhasi, boka revasingatendi rapinda munharaunda dzezvinamato, uye ari kuedza kwazvo kuratidza zvinhu nesainzi.

¹⁴⁹ Uye regai nditaure izvi, pazviri kuuya zvichitobva Kudenga, ndinotenda, zvichiuya kumoyo wangu. Hapana kana nguva yazvingagona kuratidzwa. Nokuti, kana ukakwanisa kuratidza Mwari, zvino haVachagamuchirwa zvachose nokutenda; watoratidza. Tinotenda Mwari nezvishamiso zvaVo, kubudikidza nokutenda. Tinodana zvinhu izvozvo zvisipo, sekunge zviripo, nekuti Mwari vakataura kudaro; zvisinei nekuti chii.

¹⁵⁰ Abrahama haaikwanisa kuratidza kuti tsinga dzemukaka dzaSara dzaive dzisina kuoma. Haaikwanisa kuratidza kuti—kuti machubhu, nezvimwe zvakadaro, zvokuti abate pamuviri. Ivo, aigona. . .Havaikwanisa kuratidza chero chimwe cheizvi. Vaisakwanisa kuratidza zvichida, nekuongororwa kwembeu, kuti dzaikwanisa kubereka. Asi akazvitenda, zvakadaro, uye akaramba chero chii zvacho chaipesana nazvo, akadana zvinhu izvozvo zvakanga zvisipo, sokunge zvaivepo. Nokuti, mukati mechidzitiro, tariro yaMwari yakazorora paShoko raMwari, ndokudana zvinhu izvozvo, zvesainzi kana zvikasava kuti, “Ichokwadi, nokuti Mwari vakataura kudaro.” Hezvoka izvo.

¹⁵¹ Tinotenda. Nokutenda tinozvigamuchira. Asi, kana hama iyi, ndisiri kupikisana nayo, handitendi mune izvozvo. Asi dai hama yakangoverenga chete kuti Pauro akatakwa nematombo sei kusvika afa, uye vatsvene vakamira paaive ari uye vakanamata kusvikira hupenyu hwadzoka maari. Kuti Pauro akaparidza sei husiku hwose, humwe usiku, uye mumwe murume akadonha kubva mukamuri yepamusoro ndokuzviuraya, murume wechidiki; zvino Pauro akaisa mutumbi wake pamusoro pake, uye Mweya wehupenyu ukadzoka maari zvakare. Kuti Eria akamutsa sei mwana wemudzimai mushure mekunge afa, kunyange makore 800 Kuuya kwaKristu kusati kwasvika. Varume, kunyangwe vasina ropafadzo reMweya Mutsvene, vakaita mashura ayo vanhu ava vanototywa kuaita ivo vaine Mweya Mutsvene. Ini zvangu, ini zvangu! Zvinosiririsa kwazvo!

¹⁵² Sei? Imhaka yekuti vanozvikudza, uye vanovenga hama dzavo, pasina chikonzero; saJosefa aive akavengwa, pasina chikonzero. Mazviona here? Aive akavengwa. Kwete nokuti akanga akakodzera kuvengwa; nokuti, paisava nechikonzero. Havana kumutenda. Akanga achirarama mune chimwewo chiyero chakasiyana.

¹⁵³ Uye ndinotaura izvi, zvino, sezvo nguva yedu yava kupera. Ndinotaura izvi nekurevesa kwose kwemoyo. Vanovenga Chechi, nhasi, ine chemweya. Igodo iroro. Igodo risina kana nebasa, uye riripo pakati pevanhu.

¹⁵⁴ Vadzidzi vakanga vainaro. Vakazvinyarira kwazvo! Nokuti, mazuva 10 mushure mazvo, Mwari vakavapa simba rokupodza vanorwara, nokudzinga madhimoni, nokumutsa vakafa. Zvino

vaiva nemukomana aiva nepfari pamberi pavo, uye vakange vakundikana. Zvino Jesu, paAkaburuka mugomo, uye akapodza mukomana uyu. Zvino vakaMubvunza, “Ko sei isu tatadza?” Haana kuti, “Nda—ndanga ndatora simba raNgu.” Akati, “Ndinokupai Simba.” Ndinokuratidzai paAkaRipa kuChechi, asi hamukwanise kundiratidza paAkaRitorazve. Maona? Ko Jesu akaisa Mashoko aKe anokosha pamusoro pei? “Nokuda kwekusatenda kwenyu.”

¹⁵⁵ Uye zvakare, mazuva mashoma akatevera, vakawana murume akanga asiri munharaunda yavo yehufundisi. Akanga anzwa Jesu achitaura zvinhu izvi, uye akanga ari kuita basa nemazvo. Akanga achidzinga madhimoni. Zvino Petro naJohane vakauya kuzomuudza kuti aifanira kuva weboka ravo kana kuti haaikwanisa kuzviita. “Unotofanirwa kutevera isusu wobatana nesu. Ndisu chechi, uye unofanirwa kutozviita!” Akavaudza kuti vaite zvebasa ravo. Akanga ari kubudirira zvakanaka chaizvo asina kujoinha sangano ravo.

¹⁵⁶ Saka, setunyaya tusina basa, tudiki, setwatinatwo nhasi; tupfungwa tudiki, twehupwere, twevana, vakamhanya vachidzoka ndokuti, “Tamuwana, uye anga achidzinga madhimoni.” Uye chaiva chii? Vaiva negodo nokuti akanga achiita zvakakanga vasingagoni kuita. Vakanga vapinda munyama. Meso avo, ekunzwisisa kwavo, akanga akafanana neemadzikoma aJosefa, akanga achigere kujekerwa, saka vakadzoka ndokumunyeya, uye vakaudza Jesu.

¹⁵⁷ Zvino Jesu akati, “Musiyei akadaro.” Ameni. “Ari kuita basa rakanaka. Ari kuita zvaNdakurayirai kuti multe, uye imi muri kutadza kuzviita.” “Mwari vanogona kubva pamatombo aya kumutsira Abrahama vana.”

¹⁵⁸ Saka zvino, hama dzangu dzinodikanwa dzeMethodisti neBaptisti nePresbyteriani, nokuda kwekuti munofunga kuti zvinofanira kuuya kuburikidza nemuchechi yenyu, Mwari vanogona kubva pavaumburuki vatsvene ava kumutsira Abrahama matombo. Ndizvozvo. Vachava nemunhu achaita basa raVo. Ndizvozvo chaizvo. Nekutadza kwavo kwese nekukanganisa uye nezvimwewo, zvanonoita, ndizvo zvakaitewo Israeri yakaita zvimwe chetezvo, asi Mbeu iyoyo yakarurama iri kuenderera mberi.

¹⁵⁹ Ndinofara kwazvo kuti ndinogona kutaura kuti ndiri mumwe wavo. Nenyasha dzaMwari, nhasi uno, tiri vamwe veivavo. Ndinofara kwazvo nokuda kwazvo, hamufarewo here? Moyo wangu unofara, pakutanga kwegore rino idzva, kuziva kuti Mwari, kubudikidza nyenyasha dzaVo dzinoshamisa, vakaisa zita rangu muBhuku reHupenyu, kuti vandipe kunzwisisa kuti ndinobatanidzwa pakati pevanhu vaVo vanova vanamurambiwa. Uye, pamwe nevadzidzi, ndingataurawo izvi, ndinozvitora seropafadzo guru kunge ndakatakura kuzvidzwa

kweZita raKe. Hongu, changamire. Ndinofara kwazvo kuti ndiri mumwe wavo.

¹⁶⁰ Uye zvino tinotangira pano naJosefa, musevhisi inotevera, inogona kuva manheru ano kana Muvhuro manheru, imwe yayo, nokuti nguva yedu yakwana.

¹⁶¹ Asi, ndinoMuda. HaMumude here? Anoshamisa. Uye ndinofara kwazvo nhasi kuti ndinogona kubatana maoko neboka nerundaza rurefu rwevanozvidzwa uye vakarambwa, uye vakavengwa nevemachechi munyika yose. Hevano ava. Ndivo vacho vakaderera. Ndizvozvo chaizvo. Vezvemachechi, tichitaura zvemunyika, zvedzidzo, uye tichitaura nezvemagariro evanhu, vari pamusoro pavo. Uye tinofara kuva takaninipa. Nokuti, avo vanozvininipisa, Mwari rimwe zuva vachauya kechipiri, muKubwinya, kuzosimudzira Chechi yaVo. Kusvika panguva iyoyo, “Ngatirwirei nemoyo wese kutenda kwakambopihwa kuvatsvene.”

Ngatinamatei.

¹⁶² Zvino takakotamisa misoro yedu, handitongozivi kana pangava nemumwe mangwanani ano, kana kuti vakawanda, ndinovimba, vasati vambogamuchira Kristu uyu, nemaropafadzo aKe makuru nemasimba aKe makuru. Uye hatisi kuziva, nhasi uno, kana ungaita sarudzo yako nhasi, uye woti, “Ishe Jesu, ndini. Uye ndinoshuva kuva muranda weNyu, nemoyo wangu wose, kutora nzira nevashoma vaShe vanozvidzwa. Ndinoona zvino, Ishe, hazvisi izvo zvinotaurwa nenyika; ndeizvo zvinotaurwa neBhaibheri reNyu. Hazvisi izvo zvandinodaizwa nenyika. Vanondivenga, sezvavakaita Josefa. Vanondivenga, sezvavakaita Abheri. Vanondivenga, sezvavakaita Johane. Vanondivenga, sezvavakaita Dhanieri. Vanondivenga, sezvavakaita Ezekieri, saZekaria. Vanondivenga, sezvavakaita Jesu. Vanondivenga, sezvavakaita vaapostora neavo vakaKuteverai, pasina chikonzero. Ishe, ndinovanamatira.”

¹⁶³ Wakambogamuchira chiitiko chakadaro here, chekuti wakabuda? “Uye tiri vapisita hwehumambo, rudzi rutsvene, rwunopirisa zvipiriso zvemweya kuna Mwari; ndiko kuti, zvibereko zve miromo yedu, tichiVapa rumbidzo.” Ungagona here kumira pakati penyika iri mumatambudziko? Ungamira here pamberi pemukuru wako wekubasa? Ungagona kumira here wakazvininipisa mumoyo mako, uine rudo mumoyo mako, kuvatadzi venyika ino, uine Hupenyu hwaKristu mauri, uye wopa huchapupu nerumbidzo kuitira kubwinya kwaMwari? Kana usina chiitiko ichocho, wadii kutanga nyika, hupenyu, zvese hazvo patsva, nhasi uno, nekusimudzira ruoko rwako kwaVari, uye uchiti, “Ini zvino, Ishe, ndinozvigamuchira, uye ndinoda kuti Mundipe rubhabhatidzo rweMweya.”

164 Zvino, Baba vedu Vekudenga, Chechi diki iyi mangwanani ano yakamira, tinoziva, yakashungurudzwa, ikapfurwa, muvengi akaitambudza, achipfura miseve yake. Uye tinonamatira mweya yavo ine zvivi, Ishe. Havazive kuti vakapofomadzwa namwari wenyika ino.

165 Chechi, kazhinji, pasi rose nhasi; muvengi, vanhu vezvinamato, vakavapfura nemiseve yose. Asi zvisinei nazvo zvose, rumutsiro rukuru rwunoenderera mberi. Zviuru zvevana vakaninipa, varombo, vakashairwa hany'n'a vakapinda munzvimbo idzi, uye vakaona ruoko rweNyu rwezvishamiso, vakazadzwa neMweya Mutsvene. Uye havasisiri yenyika ino. Vave vafambi nevatorwa. Havana hanya yenyika, asi vari kutsvaga Guta rinouya, iro Muvaki neMugadziri waro ari Mwari. Vakaona simba reNyu rekupodza, kupodza vanorwara, zviratidzo zveNyu nezvishamiso zvichiitwa pakati pevanhu veNyu. Zvinhu zvikuru zvichiitika, zvisinei nenzvimbo dzavanzvishora uye voedza kuzvitsimbirira pasi. Varanda veNyu vanopinda imomo chaimo voita rumutsiro, uye vanounza vakazvininipisa muHumambo hwaMwari.

166 Pakati pedu mangwanani ano, tine ropafadzo rokuva nemamishinari aya ari kuenda kune dzimwe nyika.

167 Mumwe, achisimuka kuenda muIsraeri. O Mwari, hezvoka izvo. Dururai Mweya weNyu, pamwe navo, Ishe. Uye dai zvinhu zvikuru zvikaitwa, uye zvigokonzera kuti maJudha iwayo anonzwisa urombo anongombeya vadzoke. Dai vakagamuchira Mweya Mutsvene, sezvakaita madzibaba avo pakutanga.

168 Heino hama iri kubuda ichinopinda muCuba, kunze uko kuzvitsuwa. Makati, "Kusvikira kumigumo yenyika."

169 Chimwe chinhu chichikweva, chichidhonza pamoyo wehama idzi. Vachisiya misha yavo, vadikani vavo, vasina hany'n'a nemafaro nenguva dzakanaka dzenyika ino, asi vachienda kunyika dzakaoma mhiriko; pasi pemupikisi, achiedza kumisa basa iri. Asi senzombe dzakadzosa ngoro, iine mirairo pairi, neareka yesungano, dzakasiya mhuru dzadzo dzichiridza mhere, ndokudzika nemugwagwa, dzichibowa, dzichiimba, dzichienda zasi kuDombo.

TinoKutendai nokuda kwemushumiri wose.

170 Tinoona vagere kumashure muungano yedu, Hama John, mangwanani ano, zvakare, vakabva kuGermany. Nokurerwa kwavakaitwa, vari varombo. Vachidhonza ngoro duku nemunyika yose, vachiparidza Evhangeri. NdinoKutendai nokuda kwavo!

171 Uye majaya aya, nevamwe vashumiri vagere pedyo, uye neungano yose yevatendi. Pandabvunza, Baba, ndichitenda kuti pasi penguva yakadai, kuti kana murume kana mudzimai asina Kristu mumoyo mavo, vangadai vasimudza ruoko rwavo,

chokwadi, vachiona humbowo hwese hweEvhangeri, kuti Muri mumwe chete uye Chechi yeNyu ndiyo imwe chete.

¹⁷² NdinoKutendai nokuda kwemunhu wese. Ndinonamata kuti Mugovaropafadza. Uye mugopodza mitumbi yavo kana vachirwara, zvakare mugovapa zvishuwo zvemoyo wavo. Zviiteiwo izvi, Baba, tinokumbira muZita raJesu.

¹⁷³ Uye takakotamisa misoro yedu, ngatimbofungisisayi kwechinguvana. Ingova uri mumunamato, zvinyoronyoro.

Wekutanga kufira hurongwa hweMweya
Mutsvene uhwu,
Aiva Johane Mubhabhatidzi, asi akafa zvake
somunhu;
Zvino ndokuzouya Ishe Jesu, vakaMurovera
pamuchinjikwa,
Akaparidza kuti Mweya waizoponesa vanhu
kubva muchivi.

Zvino vakataka Stefano nematombo,
akaparidza achipikisa chivi,
Ivo, vakashatirwa kwazvo, vakapwanya
musoro wake;
Asi akafa ari muMweya, ndokubuditsa mweya
wake,
Ndokuenda kunobatana nevamwe, hondo iya
inopa hupenyu.

Paiva naPetro naPauro, naJohane mutsvene,
Vakapira hupenyu hwavo kuitira kuti
Evhangeri iyi igopenya;
Vakasanganisa ropa ravo, se vaporofita vekare,
(Ichiri Mbeu, iri kutambudzwa.)
Kuti Shoko raMwari rechokwadi rigotaurwa
zvakatendeka.

Paiva nemweya pasi peartari, ichichema kuti,
“Kusvika riinhiko?”
Kuti Ishe vazoranga avo vakaita zvakaipa;
Asi pachave nevamwezve vakawanda vachapa
ropa rehupenyu hwavo
Nokuda kweEvhangeri iyi yeMweya Mutsvene
nema fashamo aYo matsvuku.

Inoramba ichijuja ropa, hongu, iri kujuja ropa,
Evhangeri iyi yeMweya Mutsvene iri kujuja
ropa,
Ropa revadzidzi vakafira Chokwadi,
Evhangeri iyi yeMweya Mutsvene iri kujuja
ropa.

¹⁷⁴ [Hama Branham vanoimba mahon'era *Iri Kujuja Ropa—Mupepeti*]

175 O Mwari! Huyai, Ishe Jesu! Tiumbei zvino apo takazvininipisa pamberi peNyu. Bvisai kusava nehany'n'a kwese kubva muhupenyu hwedu, kubva mumoyo yedu, apo ku—kutapira kweMweya kwaita sekutsvukisa maziso. Mwari vachitora Shoko raVo zvino nekuRidiridza. Tinofara zvikuru kuti Makativerengerawo, Baba, pakuva vatakuri veEvhangeri.

176 Tinonamatira zvose zvinodikanwa nechechi. Tinonamatira mufundisi vedu vanodikanwa, O Mwari; muranda akatendeka, vasingamboneti, vanogara vakagadzirira kuenda. Taurai kumoyo wavo, nhasi, uye muvaite kuti vazive kuti pane mubairo mukuru wakamirira ikoko wevafundisi ivavo vakatendeka pavanoungana mhiri kune rumwe rutivi pamwe nevakadzikinurwa vose.

177 Ropafadzai vamwe vafundisi, nemamishinari, nenhengo dzeMutumbi waKristu, kwese-kwese. Tiregerereiwo pakukanganisa kwedu, Ishe.

178 Uye zvino kana paine chishuwo mumoyo yedu, Ishe, haMungazviitawo here, apo Muri pano, motiropafadza? Kana paine hurwere pakati pedu, Ishe, mumwe munhu angange, auya muchechi diki ino nhasi, zvino votarisa mhiri uye voona Karivhari, voona ipapo pane Mbeu chaiyo. Apo Satani akafunga kuti aikwanisa kuParadza nerufu, asi Mwari vakaImutsa zvakare. Haatongokwanise kuzviita! Mwari vakaita vimbiso, uye Mwari vanogara nevimbiso yaVo. Uye vimbiso yese ndeyechokwadi. Makativimbisa Hupenyu Husingaperi, uye tinaHwo. TinoHunzwa. Pane chimwe Chinhu matiri, chiri kufamba, chatisingakwanisi kutsanangura. O Mwari! Mukati medambudziko, tinonzwa chimwe Chinhu chakabatirira seri uko, “Ingogara wakadzikama.” Madutu angarova Mbeu, ngarava ingazunguza igwa redu duku. Muchagadzira nzira nepamusoro, nepasi, nekutenderera, kana kupinda nemazviri, neimwe nzira. Saka, takanyatsomira chaizvo paShoko, Ishe.

179 Ndinonamata zvino kuti kana mumwe munhu ari kurwara mumusangano uno, kuti Mweya uyu, uri muchivakwa izvozvi, udzike pasi murudo rwukuru, ugoti, “Mwana waNgu, ndiNi. Ndini Baba Vakakusika. Ndini Wacho Akaunza zvi—zvinhu izvi kubva panyika, izvo zvakakuumba kuva zvauro. Satani ari kuyedza kupinda pabasa raNgu. Tora vimbiso yaNgu, mwana.”

180 Uye munamato uyu wekutenda wandinopa, ndichitenda kuti Muri pano. Dai maoko eNyu, Ishe, atambanudzirwa kumoyo wose, uye hurwere hwabva pavanhu. Ndinotsiura dhiyabhore; dhiyabhore wekudzvinyirira, dhiyabhore wekutya, dhiyabhore wehurwere hwemarudzi ose. Makati imi, “MuZita raNgu vachadzina madhimoni.” Mukubatana kwechechi ino, neMweya uno mangwanani ano, tinodzinga zvakaipa zvose kubva muvanhu; kuti tibve pano, takachena, neChibairo chaIshe Jesu, patiri kuChigamuchira mukuzvininipisa.

¹⁸¹ Tiropafadzeiwo muzvidzidzo zviru mberi. Tiropafadzeiwo pane zvese zvatinoita. Endai nevashumiri nevavhangeri uye nemamishinari, kunzvimbo dzavo, Ishe. Itai kuti rimwe zuva tisangane pa—patsoka dzeNyu. Tobva tagadzika mikombe yedu pasi. Mwari, vachave vemarudzi ose. Pachave nemunhu muchena, munhu weyero, munhu mutema. Pamwe chete, tichati, “Ishe, hevano! ava.” Richava zuva rokufara rakadini! Ngatishandei achiri masakati, nokuti husiku hunouya apo munhu asingazogona kushanda. Tinokumbira maropafadzo aya muZita ri—rinodikanwa roMwanakomana waMwari, Jesu Kristu. Amen.

Zvinhu zvose zvinogoneka, tenda chete;
Tenda chete, chete. . . (Chii ichocho?)
Zvinhu zvose zvinogoneka, chete. . .

¹⁸² Vangani vanga vane chishuwo, uye vangagona kutenda iye zvino? Uchasimudza ruoko rwako, woti, “Zvino ndinogamuchira.”

Zvino ndinogamuchira, zvino
ndinogamuchira,
Zvinhu zvose zvinogoneka, zvino
ndinogamuchira;
Zvino ndinogamuchira, zvino
ndinogamuchira,
Zvinhu zvose zvinogoneka, zvino
ndinogamuchira.

¹⁸³ Zvino ngatikotamisei misoro yedu kwekanguva zvino. Ingoenderera mberi, hanzvadzi, papiyano, kana mungadaro. MunoMugamuchira here?

¹⁸⁴ Unoti, “Hama Branham, ndanga ndichirwara kwechinguva. Pane chimwe chinhu chaita sekunge handaitongokwanisa kukunda. Ndakanamatirwa, nevanhu vakasiyana-siyana.”

¹⁸⁵ Zvakanaka, hama, hanzvadzi, asi wakambofunga here kuti chii? Ivimbiso diki iyoyo yakapihwa kwauri. “Zvinhu zvose zvinogoneka kuna iye anotenda.”

¹⁸⁶ Haungazvikandire here izvozvo muKarivhari chaimo mangwanani ano? Ingobata kumucheto kwazvo apa, Mweya unozvipa kwauri. Zvikandire muKarivhari chaimo, ugoti, “Hapoka pakabatarira hoko yangu. Zvino ndagamuchira, iko zvino. Zvose zvapera, iko zvino. Hazvinei kuti chii chinaitika, iko zvino hoko yangu yakabatarira mukati mechidzitiro, uye ndinogamuchira chaizvo zvandiri kungokumbira. Ndinoziva kuti ndinazvo. Shoko raMwari rakataura kudaro. Uye, Mwari, ndakatarira kwaMuri zvino.” Zvichida wanga uine zvinokunetsa, matambudziko emari, chero zvazvingava. Zvisinei kuti chii, zvikandire uko chaiko kuKarivhari.

Nokuti zvinhu zvose—zvinhu zvose
zvinogoneka, tenda chete.

187 Chingozviregera zvisinine mukati, nekutapira chaiko. Hazvishamisi here? Ino ndiyo nguva yangu yeshumiro. Shoko radyarwa, munoono, zvino Mwari vari kuRididzira. Hausi kungonzwa here kaku- . . . kudzikamisa ikoko, kufefetera kuri kubva muHupo hwaMwari, kuchidzika, kuchiRididzira, kuchiti, “Zvino, pano, mwana, Ndi—Ndinouya neShoko raNgu. Ndinoremekedza Shoko raNgu. NdinoRirindira, masikati nehusiku, uye Ndiri kurididzira zvino mumwoyo mako. Haukwanise kungoNditorawo here woNditenda?”

Nokuti zvinhu zvose (Chii?) zvinogoneka,
tenda chete.

188 Ini zvangu! Zvakaisvonaka kwazvo! Zvakaisvonaka kwazvo, zvichingosinina mukati, kunzwa mvura ichidzika pamusoro peMbeu! Chii ichocho? Mbeu yakarurama, Yadyarwa mumoyo mako. IShoko raMwari. Ndiyo Mbeu. Ndiwo Mweya Mutsvene. Mbeu yakavimbiswa naMwari pamavambo. Muri Mbeu yaAbrahama, nokunge makafa muna Kristu, nekutora Mbeu yaAbrahama uye muri vadyi venhaka maererano nevimbiso. Mweya Mutsvene wakabva kuMbeu yaAbrahama, unokuitai vanakomana nevanasikana vaMwari.

189 Zvino, ndiwo Mweya Mutsvene uri kudiridza vimbiso iyoyo yawatora nguva yapfuura, kuitira kupodzwa kwako, kuitira ruponeso rwako, kuitira kufamba kuri nani, kuitira kuti kutya kukusiye, kuitira chero chipi chaungada; kuitira rwendo irworwo kudzika kuzvitsuwa, kuitira rwendo irworwo rwokuenda kunyika dzeIsraeri; kuchechi yako, kunzvimbo yako, chero kupi kwakuri, kumba kwako. Ndiwo Mweya Mutsvene uri kuti, “NdiNi. Ndinewe. Enderera mberi. Ndiri kutungamira nzira. Iwe, ingoramba uchifamba. NdiNi.”

Mune Huchi hwako muDombo;
Siya zvivi zvako kuti Ropa rifukidze,
Mune Huchi hwako muDombo.

Ngatisimukei.

Oo, budai muende mumigwagwa nemutunzira,
Paridzai Shoko. . . (Mune chero chaunoda
kutaura here?)

Iti kuhama yose yakawa,
Mune Huchi hwako muDombo.

Oo, mune Huchi muDombo, hama yangu.
Mune Huchi hwako muDombo;
Siya zvivi zvako kuti Ropa rifukidze,
Mune Huchi hwako muDombo.

190 Zvino, tarisai, handisati ndava kuda kuti muende. Ndinoda kuti uone mumwe munhu akamira pedyo newe, akwazise ruoko rwako, oti, “Mwari vakuropafadzei, hama,” kana hanzvadzi, chero waangava. Ingonyatsotendeuka. Ino itabhenakeri

inosanganisira masangano ose. Tingori parwendo rwedu, vanhu vakasiyana. Zvakanaka.

Tora Zita raJesu pamwe newe,
Mwana wekusuwana nenhamao;
Richakupa mufaro nokunyaradzwa,
Ritore kwese kwaunoenda.

Zita rakakosha, (Zita rakakosha!) O rinotapira sei! (O rinotapira sei!)

Tariro yenyika nemufaro weDenga;
Zita rakakosha, O rinotapira sei!
Tariro yenyika nemufaro weDenga.

Zvino munhu wese tarisa kuno zvino.

Pa—paZita raJesu takapfugama,
Tichiwa tozvambarara patsoka Dzake,
Mambo wemadzimambo ari Kudenga
tichaMugadza korona,
Kana rwendo rwedu rwapera.

Zita rakakosha, (Zita rakakosha!) O rinotapira sei! (O rinotapira sei!)

Tariro yenyika nemufaro weDenga;
Zita rakakosha, (Zita rakakosha!) Oo
rinotapira sei!

Tariro yenyika nomufaro . . . (. . . ? . . .)

¹⁹¹ Zvino tichikotamisa misoro yedu kuna Ishe Jesu. Ranga riri jubheri guru, mutambo mukuru, mutambo wepentekosti paShoko nezvinhu zvaMwari, paMweya Mutsvene waVo. Tinoda kunamatira maropafadzo aMwari pahama dzedu mamishinari vari kuenda kumunda wekuvhangeri zvino, uye Mwari vavape kubudirira chaiko. Tinokupai vimbiso; tichange tichikunamatirai, hama, nehanzvadzi. Madzimai avo, vadikanwi vavo, fungai kuti madzimai iwayo ari kusangana nei. Ndinoziva, nemudzimai wangu chaiye.

¹⁹² Kuvafundisi vari pano, Hama Jackson, uye—uye ndinofunga Hama Beeler vari kumashure uko, nevamwe vafundisi vazhinji. Teddy kumashure uku, mushumiri wechidiki. Vamwe vazhinji vari pano, tinongonamatira maropafadzo aMwari. Imwe hama yechidiki pano, inobva zasi kuchurch of God, yatichaona masakati ano. Tinonamatira maropafadzo pamusoro payo, muvhangeri, ndinotenda kuti ndizvo. Handizvo here, hama? Zita renyu ndiani? [Hama inoti, “Morgan.”—Mupepeti] Hama Morg-. . . [“Morgan.”] Morgan, Hama Morgan. Ndinongofara zvikuru kuva navo vose pano!

¹⁹³ Uye, zvino, tichikotamisa misoro yedu zvino kwaVari, uye totarisa. Pane hama diki yakaninipa yakamira kumashure kwechivakwa. Vanodhonza ngoro duku, ndinodaira kudaro, nemunyika yose. Vazhinji vavo vanovaziva sa “Muporofita John.” Tinovadaidza kuti “Hama John,” kuno. Ndakagara

ndichiremekedza murume iyeye. Asi, rimwe zuva ndakanga ndichishanyira dzimwe shamwari dzangu, vanova hama... Hanzvadzi Jimmy O'Neal, kumusoro kuSellersburg. Ndivo mukuwasha waHama naHanzvadzi Green. Vari pano mangwanani ano. Uye Hama John vakanga vari mumba mavo, uye vakandiudza kuti vaiva murume akanaka chaiye weChikristu. Uye vakandipa hupenyu hwavo, hwezvavakanga vavaudza, uye kuti vakange vapinda sei nemumiyedzo yakaoma. Uye vakave nenzira yakaoma. Zvino tichavakumbira, mangwanani ano, kana vakaparadzanisa ungoro ino, uye vokumbira ropafadzo ravo kubva kuna Mwari, pamusoro peungano ino. Mungatiitirawo izvozvo here, Hama Johnny? Mose muchikotamisa misoro yedu. Uye, Hama John, kana mukatiparadzanisa nomunamato. 🐦

56-1230 Josefa Achisangana Nehama Dzake
Branham Tabhenakeri
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org